КІУЭКІУЭ Казбек:
«Щыналъэм шэщІауэ зыщиужьынур езым и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъумэщ»

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хэхъуэхэр къыхуэзщІэгъэуІуэным теухуа зэІущІэ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ хуэздзэхэу **Къуныжь МуІэедрэ Говоров Сергейрэ**, Урысейм и Къэрал налог къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Гъэбащыкі Аслъэн**, видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету – УФ-м и Лъэпкъ банкым и къудамэу КъБР-м щыІэ **КІэрэф Мурат**, министерствэхэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэр къыщыІэзІуихым, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ 2020 гъэр пандемие щытыкІэм ито, экономикэ кризисым хэту, коронавирусым пэщІэтыным трагъэкІуэдэну мыпхыр къалъхьуэн хуейуэ къахудэкІуэ зэрекІуэкІар. «Апхуэдэу щытми, макроэкономикэ мардэхэм хэхъуащ, республикэм и экономикэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм зэрязауэхьам, щыхуэхэр зэрылэжьам, улахуэхэр зэраІэрыхьам и фІыгъэкІэ. Кризисым къыдэкІуа шынагъуэхэм япэщІэтыныжІэ щІэгъэкъуэныфІ хъуащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ апкъ иткІэ республикэм и экономикэм къэрал бюджетым щыщ мыпхыр къыхэзыгъэрыхьар, къымыдэкІэ, апхуэдэ зэи къэмыхъуауэ, щыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ хэпщІыкІыу зэрызыкъыщІагъэкъуар. Мэкъумэшхэкіхэр къэзылэжьахэм субсидиеу сом мелардитІым щІигъу къэзрыхащ, сом мелардитху трагъэкІуэдащ социальнэ хуэунэгъэхэр егъэкІуэкІныжрэ гъэгугъэхэм елэжьыныжрэ. А псом я фІыгъэкІи щыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщащ хъуащ икІи хъэрычэт Іэхуэм хэтхэм защІэгъэкъуэныжрэ абы зегъэужьыныжкІэ Іэмалыфіу уващ. Илъэсыр гугъуу зэрыщытам емылъытауэ, 2020 гъэм бюджетымкІэ къыт-пощыта къалэнхэр, дгъэзэжьынымкІэ, щыхуэхэр зэрыщІэхэр къэдмыштэу, къэрал щІыхуэу ттелъым хэдгъэщІыну тхуэзэфІэкІыу. Экономикэмрэ бюджет Іэнатіэмрэ кризисым щыхъуна хъуащ, унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ зыужьыным ехьэлІа лэжьыгъэмэ пытщэфащ», - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэ.

КъБР-м и Унафэщым къыхигъэщащ адэжкІи кІуэтэн зэрыхуейр, коронавирусым ехьэлІа щытыкІэм фы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжьыр, абыкІэ нэхъри сэбэпхъунущ щІыхуэхэм мастэхэр хэлъхьэн зэрыщІадзари. «Мы илъэсыр нэгъуэщІ зыгуэру хэтеуэхэн, абы мурадыщІэхэр хуэщІын хуейщ – щІэгъэхуэбжьауэ зыщІдужь илъэсу дубзыхупхъэщ, ар щІыздгъэхъуэлІэфынури ди хэхъуэхэр хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъумэщ. Ар властым и къудамэ псоми нобэкІэ къыптпащыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Къэралым иужьрей илъэсхэм мыпхыщхуэ хелъхьэ экономикэм и Іэнатіэм, унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыным, хьэрычэт Іэхуэр дэІыгъыным. Абы и мурадыр бизнесым зегъэужьынырщ, лжьыгъэм фейдэуэ къыпкІуэр нэхъыбэ щІынырщ, щІыхуэхэм Іэнатіэхэр къахуэзгъэпэщащ».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2020 гъэм и бюджет зэщІэгъэуІуэм налог хэхъуэу къыІэрыхьэн хуейуэ ящыхуэуэ щытахэр гъэззэщІа зэрыхъуэм, налогхэр кьыхэхъыным техуауэ зэфІагъэкІэхэм я Іуэхуэкіэ зэІущІэм къыщыпсэльащ Гъэбэщыкі Аслъэн. «УФ-м и бюджет зэщІэгъэуІуэм 2020 гъэм кьихъуащ сом мелуан 14.667,8-рэ, абыкІэ къалэныр процентти 103,1-кІэ гъэззэщІа хъуащ, ар 2019 гъэм елъытауэ процентти 105,5-рэ мэхъу. КъБР-м и бюджет зэщІэгъэуІуам и хэхъуэр сом мелуан 11.533,6-рэ хъуащ (абыкІэ къалэныр процентти 101-кІэ гъэззэщІа хъуащ, илъэс кІуам и процентти 101,9-рэ хъуу). Республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелуан 8.338,7-рэ хъуащ (къалэныр процентти 101-кІэ гъэззэщІа хъуащ, илъэс кІуам и процентти 101,1-рэ хъуу), щыпІэ бюджетхэм я хэхъуэхэр сом мелуани 3.194,9-м нэсащ (къалэныр процентти 100,8-кІэ гъэззэщІа хъуащ, илъэс кІуам елъытауэ процентти 103,9-рэ). Бюджетым щымыщІ хэхъуэу кьаІэрыхьащ сом мелуани 10.291, 1-рэ, къалэнхэр процентти 110,5-кІэ зэрІагъэкІащ, ар илъэс кІуам елпльытмэ, процентти 105,3-рэ хъуащ», - жиІащ Гъэбэщыкі Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэщІэгъэуІуам налогымкІэ, налогыу щымыт и хэхъуэхэмкІэ и Іуэху зыІутыми, кьапэщыт кьалэнхэм я гугъу ищІащІ Къуныжь МуІэед. Абы къыгъэпсэуІуащ бюджетыр гъэнщІыныжкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, абыхэм ящыщу ухуэнысгъэм, мэкъумэш Іэнатіэм, Іэухутхьбэзэ щІэныжрэ сату щыныжрэ щыщІкІэ Іэмалхэр зэпкърихащ. Абы гулъытэ нэхъыбэ хуищІащ хъэрычэт Іэнатіэм хэтхэм къэзыпщытэ-кассэ Іэмэпсымэхэр кьаІэсэбэпыныр, Іэнатіэ пэрытхэр кьагъэнэІуэныр яхуэзгъэувыным, а Іуэхущапіэхэм «улахуэ ущэхуауэ» щатыр гъэмэщІэн мурадкІэ. Абы къыхигъэщащ республикэм и бюджет Іэнатіэм налогхэр къызэрыкьлъхъэ щІыкІэм кІэлъыплъ комиссиэхэр дэтхэнэ зы муниципальнэ зэгухьэныгъэми зэрыщыІэр икІи ахэр налог зытхэм зэпымыууэ ядэлэжьэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм хэт псори арэзы техъуащ абы и лэныкъуэкІэ лэжьыгъэр зэрыщІэгъэхуэбжьапхъэм. Мусуков Алий къыхихащ щІыхуэхэм зэІущІэм зыщыптепсэльыкъуэ Іуэху псори, абы къыщыхальхьа жэрдэмхэри зэрызэпальытыжьынур икІи КъБР-м и Іэтащхьэм пщэрыльэ къащищІауэ зэлэжьыпхъэхэм зэрыхагъэхьэнур, республикэм и бюджетыр гъэнщІа хъун папщІэ. «Иджыпсту экономикэм пъэпощхьэпо иІэжьхьым. Дэ пандемие щытыкІэм диту дылажьэу зедгъэсащ, абы къыхэкІыу нэхъ къалэнышхуэхэр гъэззэщІэнми дыхуэхьэзыру щытыпхъэщ. Дэ щытыкІэ хэха диуващ - налогхэр зытын хуейм дежкІэ ар иджы къалэн къудейуэ аракъым, атІэ гугъуехь щыхэхуам дежьа къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэгурыкъыныжкІэ щэсылІэу уву апхуэдэщ», - къыхигъэщащ Премьер-министрым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№8 (24.134) ● 2021 гъэм щІышылэм (январым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

І924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа си чэзу Іуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 7-нэ пунктым мыпхуэдэ абзац щІигъуауэ:

«Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкІа унафэ №710-м и 5-нэ пунктым тету, щІыхуэм я узынщагъэр зыхуэдэр къэпщытэным, диспансеризацэ зегъэкІуэкІыным епха Іуэхуэм пыщэжьын, коронавирус узыфэ зэрыщІалэм (COVID-19) земыгъэубгъун папщІэ санитар-эпидемиологие и лъэныкъуэкІэ зытетыпхъэ хабзэхэр, мардэ правовой актэмрэ методикэ чэнджащэмрэ къагъэувахэр кьэлъытауэ, щІыхуэм хьыбар егъэщІэн я узынщагъэр къэпщытэнымрэ диспансеризацэмрэ зэрыгагъэкІуэкІыну щІыкІэхэм, пІалъэхэм ятеухуауэ.».

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм щІышылэм и 22-м №7-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Дагъыстэн Республикэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ я щІыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъумкІэ

«Ди къуэш Дагъыстэным щыпсэухэм, абы и унафэщІ Меликов Сергей Алим и къуэм си гум къыбгъдэкІыу сохъуэхъу я махуэшхуэмкІэ - Дагъыстэн Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъумкІэ.

ДАГЪЫСТЭНХЭР зы хэкуу - Урысейм хьхьэ къэралыгъуэу - зэгурыкъыныр техуауэ унафэр Урысейпсо Гъэззэщ Іакіуэ Комитет Нэхъыщхьэм къыщтауэ щытащ 1921 гъэм щІышылэм и 20-м. Абы мыхьэнэшхуэ иІащ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ Іъэщу зиужьыныжкІэ, лъэпкъ зэхуэщытыкІэхэр егъэфІэкІуэныжкІэ, езыхэм я щэнхабзэм, бзэм, литературэм заужьыныжкІэ.

Нобэ Дагъыстэнрэ кІуэ пэтми нэхъри йофІакІуэ, и хабзэфІхэм зэрахуэпэжым, зыужьыныгъэм и Іуэгуэм зэрытетым, щІыналъэм и щІыхуэр зэрыгуащІафІэм, зэрызэчифІэм, тегушхуауэ ипэкІэ зэрыкІуэм я фІыгъэкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ щыпсэухэр зэныбжьэгъуфІу илъэс кІуэд хуэдуэ къызэдокІуэкІ. Ди республикэхэм исхэм кІу дэлъ а зэхуэщытыкІэ дахэхэм нэхъри зрагъэужьу, ахэр ягъэбыдау адэжкІи зэрыпсэунум щэч кьытехьэрхьым.

Дагъыстэным ис псоми сохъуэхъу мамыру, зэІузэпэщу, я Іуэхур ефІакІуэу, республикэм къыпщыт къалэнхэр зэфІэзгъэкІыным ехьэлІэныгъэхэр къыщахьу псэуну», - щыжеІэ республикэм и Іэтащхьэм и тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр республикэм и щІалэгъуалэм ехъуэхъуащ Урысей студентхэм я махуэмкІэ

«Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гум къыбгъдэкІыу сынывохъуэхъу фи гуфІэгъэщІэгъэ – Урысей студентхэм я махуэмкІэ!

Студентхэр жылагъуэм щІыуэ къыхьхьэ псори нэхъ псынщІэу къэзыщтэ, сыт хуэдэ Іуэхуми хуэжьджэр щІыхуэщ, абыхэм ирапх гугъапІэшхуэжэр, сыту жыпІэмэ Іуэхуфіхэр ящащІам хэзыпщэфыну къару лъэщу ахэр кьалъытэри.

Нобэ ди къэралым проектышхуэ зыбжанэ щагъэзащІэ дэтхэнэ зы щІыхуми и щэфІэкІэхэр къызыкъуихьым, абыхэм зрагъэужьыным хуэгъэпсауэ. ИкъуекІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ а Іэмалхэр нэсу къэвгъэсэбэпыным, фи щІэныгъэр, зэчийр, фызыхуэІэзэр зэфхьэлІэн, фи творческэ мурадхэр щызэвгъэхъулІэн Іэнатіэ къэвгъэутыным, къэралми фи къэкІуэнуми фахуэщхьэпэфын хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и студент мин бжыгъэхэм мымащІэу яхэтщ щІыху кьызэрымыкІуэхэр, унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэххэр, республикэм и жылагъуэ гъащІэм жьыджэру зи зэфІэкІ къыщызыгъэльагъуэхэр. ПщІэшхуэ зэуфащэщ волонтёр зэщІэхеенныгъэм зегъэужьгуным фэ хуэфащІ хэлъхьэныгъэм, абы жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэрызэфІигъэкІым нэмысщ, социальнэ кьалэнышхуэи егъэзащІэ. Абы икъуекІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм дыщыпсэщІэт мы лъэхъэнэ гуГъум.

Абы папщІэ ди гум къыбгъдэкІыу фІыщІэшхуэ фхудощІ. Адэкіи вдэтІыгъынущ фи жэрдэмхэр, щІалэгъуалэ жьыджэрхэм, жэрдэм зыхэлъхэм, зэчиифІэхэм заужьын папщІэ дяпэкІи тхуэзэфІэкІ къэдгъэзнэкъым.

Фытегушхуэ икІи фи хуэпсапІэхэр Іэмал имыІэу нахуанІэ хъунущ.

Фыуэзнэшэну, фи гуащІэм къыхэхъуэ зэпыту фыепсэуну, зыхузвгъэувыжа мурадхэр къыввэхъулІэну сынывохъуэхъу», - щыжеІэ КІуэкІуэ Казбек и хъуэхъум.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩІышылэм и 26, гъубж

♦**Таможенникым и дунейпсо махуэщ**

♦**Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ**

♦**Белоруссием щагъэпъапІэ щІэныгъэм и махуэр**

♦**Австралием и махуэщ**

♦**Латвие Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**

♦**Индием щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр.** 1950 гъэм а къэралыр щхьэхуит хъуащ, Индыслызым и колониеу илъэс 200-кІэ щыта нэужь.

♦**1500 гъэм** ИспаниемкІэ щыщ хыдзэлІ, къэхутакІуэ Пинсон Висент Яньес зи пашэ гупыр япэу теуващ Бразилием и щынальэм.

♦**1525 гъэм** Урысейм и щІыналъэм и япэ картэр къыдэкІащ.

♦**1788 гъэм** Австралием и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Сидней и лъабжьэр ягъэтІылъащ Европэм икІуэ Австралием япэу Іэпхъуэкъэм. Дэтхэнэ зы адыгэри дызыщІыгуфІыкІа хъыбар къыІукІуэу щытащ а къалэм 2000 гъэм. Абы олимп чемпион щыхъуат ди бэнакІуэ лъэщ **Къардэн Мурат**.

♦**1871 гъэм** Урысейм и щІыхуэхэр хуит ящІащ къэрал къулыкъуэм пэрытыну.

♦**1871 гъэм** Рим Италием и къалащхьэ хъуащ.

♦**1905 гъэм** Африкэ Ипщэм къыщагъэуэтащ дуейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр.

♦**1924 гъэм** Совет хэм я етІуанэ съездым и унафэкІэ Петроград къалэм и цІэр Ленинград зэрахъуэкІащ.

♦**1943 гъэм** Кемеровэ областыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1944 гъэм** КъБР-м Аруан щІыналъэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1956 гъэм** Италием щыщ Кортинэ д'Ампецэ къалэ цІыкІум къыщызыІэхащ VII Щымахуэ Олимп Джэгуэр.

♦Совет кинорежиссёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист, Ленином и цІэ зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщащ, «Освобождение», «Битва за Москву», «Сталинград» фильм цІэрыІуэхэр тезыха **Озеров Юрий** къызэралъхуРа илъэси 100 ирокъу.

♦Японием щыщ щхьэрычэтыщІэ, Sony компание цІэрыІуэм и къызэгъэпэщакІуэ **Мориттэ Акио** къызэралъхуРа илъэси 100 ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Тау Хьэзешэ** къызэралъхуРа илъэс 85-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ тхакІуэ, цІыхухэм я хуитныныгъэхэм къыщхьэщыжыныжкІэ цІэрыІуэ хъуа **Дэвис Анджелэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и артистко, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзаеуэ Венерэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Тхыдэдж, зэдзэкІакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакІуэ **Мэлбахьэу Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Канадэм щыщ хоккеист, дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ спортсменхэм хабжэ **Гретки Уэйн** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 – 11, жэщым щІыІэр градус 2 - 1 щыхьэнущ.

ЩІышылэм и 27, бзэрэжьей

♦**Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ** - Ленинград къалэр блокадэм къарагъэкІащ. Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм я къэхъуэрыпхъуныгъэм жэщ-махуэ 872-кІэ ита къалэр 1944 гъэм советыдзэхэм хуит къащІыжащ.

♦**1725 гъэм** Пётр Езанэр дунейм ехьжащ.

♦**1820 гъэм** капитан Беллинсгаузен Фаддей зи унафэщІ къэхутакІуэ гулым Антарктидэр зэрыщІэр къахутащ. Махуэ 750-кІэ тенджызым тета къхъхьэм материкыр ихъуреягъкІэ къызэхакІуэхьат, хытІыгу 28-рэ къызэІуахат, ауэ мылпІэ Антарктидэм я лъэ теувэфащ.

♦**1859 гъэм** Оттавэ Канадэм и къалащхьэ къалъытащ.

♦**1904 гъэм** Урыс-Япон зауэм щІидзащ.

♦**1924 гъэм** Москва Лениным и Мавзолейр къыщызэІуахащ.

♦**1941 гъэм** «КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр ягъэуващ.

♦**1943 гъэм** Москваре Ленинградре я зэхуаку дэлъ гъущІ гъэзгу зэпыщІэныгъэр зэфІагъэувэжащ.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм хуит къащІыжащ нэмыцэхэм Польшэм щащІа Освенцим гъэрэщым исаХэр.

♦**1967 гъэм** хэржыр дуней псом къэралу тетхэм зэрейм теуауа дэфтэрым Іэ традзащ.

♦**1968 гъэм** Налшык Къэрал музыкэ театр къыщызэІуахащ.

♦Австриием щыщ композитор, музыкант щэджащэ **Моцарт Вольфганг** къызэралъхуРэ илъэс 265-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ цІэрыІуэ **Салтыков-Щедрин Михаил** къызэралъхуРэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Инджылыз математик, физикІуэ, и таурыхъэмкІэ цІэрыІуэ хъуа **Керролл Льюис** къызэралъхуРэ илъэси 189-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Эренбург Илья** къызэралъхуРэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ, уэрэд дахэ куэдым я псалъэхэр зытха **Казаковэ Риммэ** къызэралъхуРэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Къэрал къулыкъущІ **Хьэгъэжей Джонсон** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъБР-м и гуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жырыкъ Заур** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и гуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Руслан** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Норвегием щыщ биатлонист цІэрыІуэ, блэнейрэ олимп чемпион хъуа **Бьерндален Уле Эйнар** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Сафин Марат** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 – 6, жэщым щІыІэр 1 градус щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Сенаторым и лэжьыгъэр къызэщІекъуэж

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ видеоконференц мардэм тету иджыблагъэ иригъэкІыжІа си чэзу зэІущІэм къыщыпсэльащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и ЛыкІуэу Урысей Федерацэм и сенатор, Федерацэмкіэ Советым бюджетымрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуадзэ Ульбашев Мухьэрбий. Абы къызэщІикъуэжащ 2020 гъэм и бжьыхьэ лэжьыгъуэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэр.

● КъБР-м и Парламентым

СЕНАТОРЫР къытеувыІащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къызэрэпэщыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэм, Федерацэмкіэ Советым, бюджет зэхуаку зэхущытыкІэхэмкІэ Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр, зыхэт комиссэм, апхуэдэуи Къэрал Думэм финанс Іуэхуэхэмкіэ и комитетым зэрыдэлажьэм.

- Блэкіа илъэсыр зыми и дежкІэ тыншу щытакъым, ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейт республикэм и унафэщІхэр псори - КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм хэтхэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ Советымрэ Къэрал Думэмрэ я сенаторхэмрэ депутатхэмрэ - зэгурыІуэу зэрызэдэлэжьар. Абы и фІыгъэкІэ коронавирусым дызыпсэщІэува щытыкІэ гугъум емылъытауэ ди къалэнхэр и чэзум зэфІэдгъэкІащ, - жиІащ Ульбашевым.

Сенаторым къыхигъэщащ блэкІа илъэсым къайхъуІа Іуэхуэгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр УФ-м и Конституцэм халъхьэну кьаІэрыгъэ зэхуэдэныгъэр щІыхубэм зэрыдаІыгъар.

- 2021 гъэм и бюджетыр зыхуэдэнум теухуа законопроектым дыщелэжьым, къэрал Іуэхущапіэщым я лЫкІуэхэр зыхэт комиссэм къыхилъхьат бюджетыр зэрызэрагъэхуэжьхьэм дотацэр зэрытрагъашэм ехьэлІа епльыкІэхэр. Трансфертхэм ящыщ зыбжанэ яГъэмэщІами, дотацэр тхуэхъумащ 2020 гъэм щыІа бжьыгъэм хуэдизу. Ди республикэм и бюджетым иІэну я дотацэр сом мелард 14-рэ мелуан 23-рэ мэхъу, - пищащ Ульбашев Мухьэрбий. - Бюджетым теухуа законым и япэ, етІуанэ еджэгуэгъэм щІымыдзэ щІыкІэ куууэ дытепсэлъыхьащ щыналъэхэм хуагъэкІуэну бюджет зэхуаку трансферт псори тегушэна зэрыхъунум. 2021 гъэм КъБР-м и бюджетым ар хьыхэнчущ сом мелард 31,5-кІэ икІи нэгъабэрэм елъытауэ сом меларди 4,2-кІэ нэхъыбэщ (процент 15,5-кІэ).

Блэкіа илъэсым коронавирусым земыгъэубгъунымкІэ тещІыхьауэ республикэм иджыри сом меларди 2,8-рэ къызэрыхьар сенаторым къыхигъэщащ. Ахъшэ хуаутІыпщащ медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэм дыщІагъуным, сымаджэхэм папщІэ къызэрагъэпэщ гъэлъапІэ фондым хэгъахъуэным, медицинэ Іуэхущапіэхэм ахъшэ лей яхуэзгъэкІуэным.

Ульбашевыр щхьэхуэу къытеувыІащ федеральнэ бюджетым зэрелэжьам кьрикІуам. 2020 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэм хэщІам зэрыщІагъуэ Іэмалым хьыхьэу, федеральнэ бюджетым къыхэкІыу щІыналъэм къыІэрыхьащ сом мелуан 801,1-рэ. Ар сэбэп хъуащ къэрал щІыхуэр сом мелуан 720,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуным.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелард 1,9-рэ хъуу бюджет кредит хъуратащ. Къэбгъэльагъэмэ, республикэм и къэрал щІыхуэр хуэдитхукІэ нэхъ мащІэ хъуащ 2019 гъэм иІам елпльытмэ. Абы щыгъуэми 2021 гъэм тещІыхьа федеральнэ бюджетым теуха законым къыщыгъэльэгъуащ щІыналъэхэм хущІагъуэ ахъшэр сом меларди 100-м нэсыну. Арати, бюджетым теуха законым арэзы щІыпІэхъуэм, жэрдэм къыхэлъхьащ УФ-м финансхэмкІэ и министр Силуанов Антон и гъусэу дытепсэлъыхьыну а дотацэхэр 2021 гъэм нэхъыбэ ящыным теухуауэ. А Іуэхур иджыпсту Федерацэмкіэ Советым и нэІэм щІэтщ, - дыщІигъуащ къэпсэльам.

2020 гъэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэм законопроектищ зэрызэхащІэуэар икІи УФ-м и Президентым Іэ щІидзу абыхэм къару зэрагъуэтар Ульбашевым къыхигъэщащ. Абыхэм ящыщщ «ЦІыхубэ платеж системэм теухуауэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ 7-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкіэ» законопроектыр.

КъыщыгэмыщІауэ, къащтащ «2020 гъэм УФ-м и бюджет системэр зэрагъэзащІэр убзыхуэныгъэ УФ-м и Бюджет кодексым и гуэдзэн щхьэхуэхэр къызэтегъэуэныным теухуауэ» законопроектыр. Къару яГъэтащ «УФ-м и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ 7-м къыщагъэльэгъуахэм.

Къэрал Думэм хэпІэну яГъэхьа законопроектхэм, федеральнэ законхэм я проектхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм, Федерацэмкіэ Советым и зэІущІэхэм къыщыхалъхьэ унафэхэмкІ Ульбашев Мухьэрбий Советым тепсэлъыхьащ. Апхуэдэуи сенаторыр къытеувыІащ палатэ ищхьэм иригъэкІуэкІ Іуэхуэгъуэхэм зэрыхэтым, цІыхухэм зэрагъуІэм, нэгъуэщІхэм.

Ульбашевым депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм джыкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэгъуэхэм зэгъусэу зэрелажьым папщІэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныныгъэм тещІыхьауэ адэжкІи зэдэлэжьэну зэрыщІыгъуэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Махуэр кІыхьмэ, Іыхьэр мащІэщ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2021 гъэм щІышылэм и 28-м зэхэтынущ. ЗэІущІэм Іуэхущ Іапі э зыщыхьэр 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

● Щэнхабзэ

Ди щІыналъэр зэрыгушхуэ цІыхухэм я гуащІэр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къабэрдей къэрал драмэ театрым щекІуэкІащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ Куэбмин Валентин, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, усакІуэ, драматург ІутІыж Борис, усакІуэ, тхакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Гуртуев Берт сымэ я творчествэхэм теухуа зэІущІэхэр.

АХЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Тхакіуэхэм я союзымрэ Тхьилъыр фІыуэ зыльагъухэм я Къабэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэмрэ. «Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и натІэр - лъэпкъ литературэхэм я екъулІэныгъэщ» зыфІаща Іуэху дахэр къызэрызэщІакъуэжу щытащ мы зэхыхьэр. Псори зэхэту «стІол хъурейуэ» пІІы ирагъэкІуэкІащ, ягъэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым, абы и зэхъуэкІыныгъэфІхэм екъэлІауэ щытащ. ЗэрытщІэщи, литературэ журналхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ къытщІэхъуэ щІэблэм я кьалэмыр ягъэунэхуныкмкІэ, я къэухым зиужьныныкмкІэ. Абы къыхэкІыу «Литературная Кабардино-Балкария» къыдэкІыгъуэр тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я гъэзэгуанэм и къежьапІэу убж хъунущ. КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и президиумым хэт, архивист, тхыдэдж икІи филосов Бейтыгъуэн Сэфарбий тепсэлъыхьащ журналым и мыхьэнэм. Къуэдэ къыдэкІыгъуэм и редактору ущытыныр зэрыгугъур, абы иджыпсту и тхьэмадэ Мамыщ Владимир а кьалэным фІы дыдэу зэрехъулІэр къыхигъэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пщІэ зыхуащІ и тхакіуэхэм я гуащІэм щытепсэлъыхьа пшыхьхэм кІэрихьэлІат республикэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм щылажьэхэр, тхакіуэ цІэрыпсэхэр, тхэн щІэзыдзагъащІэхэр, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ Іэнатіэ пэрытхэр, ветеранхэм я советхэм я лІыкІуэхэр.

Зэіущіэхэр ягъэдэхащ тхьилъыр фІыуэ зыльагъу ныбжьыщІэхэм. Къызэгъэпэщащ кІуэхэм гулъытэншэ ящІакъым абыхэм я егъэджакІуэхэр, сыту жыпІэмэ дИ лъэпкъ литературэхэр утыку кІиныжьныкмкІэ, ар цІыхухэм я деж нахьэсыныкмкІэ абыхэм ящІэм и мыхьэнэр кьэлъытэгъуейщ.

Гуртуев Берт и гуащІэм екъэлІа пшыхьым кІэрихьэлІахэр кІыщеджащ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм яІущ зы тхакІуэм и Іэдакъэщіэкі тхыгъэхэм, абы и гуащІэм щыщ Іыхьэхэр кІэзызыхащ сатырхэм. Дэтхэнэми езым и псэм зыхищІэр и кІеджжкІэмкІэ кІэызэригъэлъэгъуэным хэтти арагъэнщ ахэр псори зэмыфэгъу щІэхъуар.

Куэьмин Валентин екъэлІа псалъэмакъри щІэщыгъуэт. КьызэгъэпэщакІуэхэм кІыхагъэщащ щІэблэр гъэсэным Валентин гулъытэщхуэ хуищІу зэрыщытар, литературэм екъулІэныгъэ щыгъэрызэыгъэхьэхэр зэригъафІэр. Арагъэнщ «Мыбдеж си кІуэпсхэр щыІэщ» зыфІаща Іуэхум хыхьэу Тхьилъыр фІыуэ зыльагъухэм я зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа «Мывэхэм ящІэж» зэхьэзэхуэм щытекІуа тхакІуэ ныбжьыщІэхэр пшыхьым щыщагъэлъэпІар, абыхэм я Іэдакъэщіэкіхэр зэрыт тхьилъ щыкІуэхэр щІратар.

Зэіущіэхэм я иужьрейуэ щытащ тхакіуэ, усакІуэ, литератор, щІэныгъэ лэжьакІуэ, сурэтыщІ Іэзэ ІутІыж Борис и гуащІэмрэ и гуащІэмрэ екъэлІар. УэрэдымкІэ КъБКъУ-м и «Амикс» театрым и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къул Амир гуапэу и гугъу ищІащ ІутІыжым икІи жиІащ абы куэдым зэрыхуигъэсар, и гуащІэ, и Іуэху еплъыкІэр зэрипсыхар. Апхуэдэуи ІутІыжым и усэхэр куэду щыІуащ зэІущІэм.

- Зэіущіэхэр гуапэу, хуабэу екІуэкІащ. Тхакіуэ цІэрыпсэхэри кьалэмыр зыгъэунэхуэхэри зэхуэдэу тепсэлъыхьащ къыщалъхуа махуэр зыхуагъэлъапІэ тхакіуэхэм я творчествэми республикэ литературэм и Іуэхухэми, - жиІащ Тхьилъыр фІыуэ зыльагъухэм я Къабэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и исполкомым и унафэщІ Шинкарёвэ Наталье. - Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэнт зи гугъу тщІа тхакіуэхэм зэрэІущІауэ щытам теухуауэ кІыхьэхуэсахэм жаІэжа хъыбархэр. Мыпхуэдэ зэІущІэхэм ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІащ, литературэм екъэлІа фэепльхэр зэрахъумэм кІыдэкІуэу тхакіуэ нэхъыжьхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я гуащІэм и зэпыщІанІэр наІуэ къащІри.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Тхьлъыщіэ

Тхыдэр зи лъабжьэ

Котляровкэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Къабэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм щыщу иджыри кьэс цІыхубэр зыщымыгъуазэ напэкІуэцІхэм ятеухуа «Жизни и судьбы: ученики Кабардино-Горского реального училища. 1909 - 1920» тхылъыр. Ар и Іэдакъэ къыщІэкІащ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Опрышко Олег.

АБЫ и лэжьыгъэм щыізэхуихьэсыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ училищэм щеджажэм я цІэ-ynэцІэхэмрэ я гуащІэм теухуахэмрэ.

- ЗэрытщІэщи, 1860 гъэм къызэІуахащ Налшык и бгырыс школыр, иужькІэ училищэ хъужар. Ар къэзыухахэм Іэмал яІэт къуажэ школхэм егъэджакІуэу щылажьэну, - жеІэ тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор.

1908 гъэм зыхуагъэхьэзыращ Бгырыс школым хэту Налшык училищэ къыщызэгъэпэщыным. 1909 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ Налшык реальнэ училищэ къыщызэІуахащ. 1909 гъэм и фокІадэ маздэм щыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр реальнэ училищэм 1 - 2 пэщІэдзэ классхэр щрагъаджэрт, Бгырыс школым щІэтІысхьахэр, я ныбжьрэ щІэныгъэкІэ зэщхьэщыхауэ. Училищэм урысыбзэр, есэпыр, тхыдэр, географиер, естественознаниер, франджыбзэр, нэмыцэбзэр, адыгэбзэр, алгебрэр, геометриер, черчениер, пэжырытхэр, сурэт щІыныр, уэрэд жыІэныр щрагъащІэрт. КьищыкнэмыщІауэ, гимнастикэ дерсхэр щрагъэкІуэкІырт. Училищэр ухуэныгъэжьым и япэ къатым къыщызэІуахат.

1911 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэм пэмыжьжьэу ирагъэжьащ училищэм и ухуэныгъэщІэр. Абы папщІэ ахъшэ зэхадзащ адыгэхэмрэ Налшык округым и бгырыс зэгухьэныгъэитхумрэ. 1913 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Налшык и реальнэ училищэм и ухуэныгъэщІэр къызэІуахащ. 1913 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм абы цІыху 208-рэ щеджащ: адыгэу 68-рэ, балъкъэру 16, «урысу» (урыс, украин, поляк) 95-рэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщу (осетинхэу, ермэлыхэу, куржыхэу, журтхэу, алыджхэу) 29-рэ. 1916 гъэм щІышылэм и 1-м еджакІуэхэм я бжыгъэр 257-м нэблэгъащ.

1914 - 1917 гъэхэм къэхъуа Ялп дунейпсо зауэмри, 1918 - 1920 гъэхэм екІуэкІа Граждан зауэмри, Совет властыр щагъэувами, хужьхэм я тетыгъуэми училищэм егъэджэныгъэр щызэпагъэуакъым.

1920 гъэм гъатхэпэм хужьхэр зэбграхуа нэужь, Налшык округым Совет властыр щызэфІагъэувэжащ. А гъатхэм училищэм 1919 - 1920 гъэ еджэгъуэр щызэхуащІыжащ. Ар тхыдэм къыхэнащ иужьрей гъэ еджэгъуэр. Бжьыхьэм училищэр зэхуащІыжащ икІи абы и пІэм иуващ Совет курыт школыр. 1924 гъэм абы Ленин еджапІэ кьалэ щІыкІур (ЛУГ) щыІащ, иужькІэ Коммунист мэкъумэш школ нэхъыщхьэ фІащащ. 1936 гъэм щыщІэдзауэ абы щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пионерхэм я уардэунэр. Мы зэманым ар КъБКъУ-м и медицинэ факультетырщ.

Илъэс 18-кІэ Опрышкэ Олег училищэм и еджакІуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэхуихьэсыжащ, Налшыкрэ Владикавказрэ я архивхэм щылажьэурэ. Абы и фІыгъэкІэ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм еджа щІыхуи 140-м я цІэ-унэцІэхэр зэхуихьэсыжащ. Языныкъуэхэр гуащІэм гугъуехь куэд зэрыщрихьэлІар, ХХ лІэщІыгъуэм и япэ илъэс ныкъуэм къэралым щекІуэкІа къэхъугъэ мыхъумыщІэхэм пхыкІын хуей зэрыхъуар къиІыятащ.

НапэкІуэцІ 20 хьу къыдэкІыгъуэр экземпляр 500 мэхъу. Абы къыщыхьащ авторым къиугъэсбэна лэжьыгъэхэр, сурэт куэди щыІыгъуэ. Тхылъыр къыдэгъэкІыным я мыльку халъхьащ Балэ Аслъэнбий, Кебеков Владимир, Нэгъуей Инал, Щауей Артур сымэ. Абыхэм я фІыгъэкІэ республикэм и библиотекэхэми къыдэкІыгъуэр трагуэшащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Азэмэт-Джэрий Іэюб и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэм 2021 гъэм щІышылэм и 18-м хэщІыныгъэ ин игъэтащ. Дунейм екьжащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректору щыта (1991 - 2012), кафедрэм и унафэщІ, профессор, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Шыбзыхъуэ Азэмэт-Джэрий Іэюб и къуэр. Іэщіагъэлі щыпкъэр УФ-м, КъБАССР-м щІэныгъэмкІэ, цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ етыныжмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэт, Къэбэрдей-Балъкэр Республикэм щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтым, Кавказ Ищхьэрэм и школ нэхъыщхьэхэм я щІэныгъэ центрым и саугъэтым я лаureатт.

Шыбзыхъуэ Азэмэт-Джэрий КъБКъУ-м и тхыдэм лъэужь Іупщі къыщигъэнащ. Абы къыхихлъха жэрдэмыр и лъабжьэу икІи и гупсысэкІэ. Абы и фІыгъэкІэ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм еджа щІыхуи 140-м я цІэ-унэцІэхэр зэхуихьэсыжащ. Язныныкъуэхэр гуащІэм гугъуехь куэд зэрыщрихьэлІар, ХХ лІэщІыгъуэм и япэ илъэс ныкъуэм къэралым щекІуэкІа къэхъугъэ мыхъумыщІэхэм пхыкІын хуей зэрыхъуар къиІыятащ.

НапэкІуэцІ 20 хьу къыдэкІыгъуэр экземпляр 500 мэхъу. Абы къыщыхьащ авторым къиугъэсбэна лэжьыгъэхэр, сурэт куэди щыІыгъуэ. Тхылъыр къыдэгъэкІыным я мыльку халъхьащ Балэ Аслъэнбий, Кебеков Владимир, Нэгъуей Инал, Щауей Артур сымэ. Абыхэм я фІыгъэкІэ республикэм и библиотекэхэми къыдэкІыгъуэр трагуэшащ.

Физикэ щІэныгъэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэрыІуэ щыхъуа екъэхутэныгъэ купщІафІэ куэд и къалэмыпэм къыпыкІащ Шыбзыхъуэм. Абыхэм яхэтщ тхылъ щхьэхуэу къыдэкІаІэхэри, щІэныгъэ журналхэм, газетхэм щытехуахэри. А тхыгъэхэм ящыщ куэд ноби къагъэсэбэп физикэ щІэныгъэм зи Іэщіагъэкіэ епха лжьыкІуэхэм.

Акъыл куурэ гупсысэ шэщІакІэ Тхьэр зыхуэупса цІыху щыпкъэт Шыбзыхъуэ Азэмэт-Джэрий. Зи псалъэм тебгъуэтэж, зэхэщІыкІ лъагэ зыбгъэдэлъ адыгэлІыр и Іэнатіэм хьэлэлу, жэуаллныныгъэ зыхищІэу пэрытт, университетым щекІуэкІ лэжьыгъэ псори тэрэз зэрищыным хущІэкъуу. Пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ япэ изыгъэщхэми ящыщт Азэмэт-Джэрий.

Апхуэдэ зэфІэкІ лъагэхэр зиІа, щІэныгъэ куурэ цІыкугъэ инрэ зыбгъэдэлъа Шыбзыхъуэ Азэмэт-Джэрий пщІэшхуэ къыхущІырт къыдэлажьэкІми, иригъаджэхэми, зыцІыхуу щыта куэдми, Урысей Федерацэм и щІэныгъэ Іэнатіэм и унафэщІхэми.

Дахуогузавэ абы къыщІэна унагъуэм, я гуауэр псэкІэ зыхэтщІэу. ЛжьэгъуфІу, унафэщІ щыпкъэу, ныбжьгъуфІу диІа Шыбзыхъуэ Азэмэт-Джэрий Іэюб и къуэм и фэеплъыр куэдрэ дигу илъынущ.

КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр.

● Студент гъащІэ

Іэтауэ, гукъыдэж яІэу

ЩІышылэм и иужьрей тхьэмахуэм ирохьэлІэ Студентхэм я урысейпсо махуэр. Ар ягъэувауэ щытащ 1755 гъэм щІышылэм и 25-м пащтыхь гуащэ Елизаветэ и унафэкІэ. А махуэм Москва къыщыізэІуахащ Урысейм щыяпэ университет.

ХАБЗЭ хъуэу, ди щІыналъэм и студент щІалэгъуалэм Іэтауэ, гукъыдэж яІэу гъэ къэс ягъэлъапІэ а махуэшхуэр. Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, куІэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэмкіэ и къэрал институтым и студентхэр. А псомкІэ кьалэуэлъэкІуэу шыхэм шэсыну гукъыдэж зиІэ студентхэр хуит ящІащ.

Махуэшхуэр апхуэдэу хьэлэмэту, купщІафІэу зэгъэкІуащ студентхэм. Дауи, дзэ частым абыхэм кьыщащІащ гъэщІэгъуэн ящыхъуа куэд.

ТАМБИЙ Линэ.

Я къару еблэжыркъым

● ФІыщІэ

Прохладнэ къалэм дэт район сымаджэщым епхауэ лажьэ узыфэ зэрыцІалэ шынагъуэм щеІэзэ госпиталь №3-м и лэжьакІуэхэрщ си тхылъэ зытезухуар. Дуней псор зыгъэгулэз коронавирусым ехьэлІауэ хъыбар куэд щыхуэхэм къраухьэкІ, уи гур фІы къыпхузыщІыни мащІэщ абыхэм яхэтыр. Зэхыбох я къару емыблэжу а узыфэ шынагъуэм пэщІэт дохутырхэм теухуауэ псалъэмакъ мыщхьэпэхэри кърахьэкІыу. «ИримыхьэлІэр лІыфІщ», - жыхуаІэращи, а псор зымыгъэунэхуам ар зищІысри кьыгурыІуэркъым. Узыр зыжьхэмыкуахэр Тхьэм адэкІи абы щихъумэ!

ИЛЪЭС 30 хьуауэ сымаджэщыр си етІуанэ унэм хуэдэу изохьэкІри, абы и лэжьакІуэхэм губгъэн щахуэсщІын ядэслъэгъуакъым. Иджыблагъэ район сымаджэщым къепха госпиталым сыщІэхуащ. Абы и дохутыр нэхъыщхьэ Іэпщэ Елени сэ къызэІэза Хьэвщіыкіу Лаури я къалэныр нэгъэсауэ зэрагъэзэщІэнум хущІэкъуу мэлажьэ. Сытым дежи сымаджэм и щытыкІэм зыщагъэгъуазэу, хущхьуэхэр зэрыраХьэлІэр я нэІэм щІэту апхуэдэдэ. Медсестрахэм я гугъу пщІымэ, шыІэныгъэ яхэлъу дэтхэнэ сымаджэми кьыгтхущытащ, хущхьуэри мастэри и чэзум кьыдахьэлІэу. Шхынкіи кьыдэгугъащ, апхуэдэуи кІабзагъэм ткІийуэ щыкІэлъэплъ. Жьыпіэнурамэ, щхьэж и Іуэхум хъарзынэу екъулІэу пэрытщ. Нэхъыжьхэм нэхъ гугъу зыкъыддрагъэхьащ жыслэми сыщыуэнукъым. Я псалъэ гуапэхэмкІэ ди гукъыдэжыр кьыззрытхуэІэтынум сытым дежи хущІэкъуэт.

Жьыи псыи зыпхрымыкІ щыгъынхэр сыхьэти 8-кІэ пщыгъуу улэжьэныр тыншкъым. Ауэ ар яхуэзэфІокІ дохутырхэм, абы щхьэкІи нэхъ тэмакъкІэщІ хъуауи шыІэныгъэр яфІэкІуэдауи щытткъым. Дыщогугъ зэман кІэщІым узыр тщхьэщыкІыу псэукІэ тэмэным дытехьэжьыну.

Сымаджэщым и лэжьакІуэхэм соХьэхьу узынщагъэ яІэу, я пщІэр лъагэу, гуфІэгъуэр я куэду я гъащІэр ирахьэкІыну.

ТАТЫМ Хьэзрэталий,
лэжьыгъэм и ветеран.
Къупъкъужьи Ипщэ къуажэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 ирокъу

Илъэс куэдкІэ зэдэлэжьащ, зэныбжьэгъуфІу щытащ этнограф цІэрыІуэхэу Мусукаев Ахъмэтрэ Махъсидэ Анатолэрэ.
Сурэтыр **Щомахуэ Владимир** *трихащ. 2007 гъэ*

Зэгъэпэщыжыныгъэм пащэ

Кулиевым и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унэм ехьэлІа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зы махуи зэпыуркъым. И Іуплъапіэр нобэкІэ зыхуей хуагъэзащ: щхьэгъубжэхэр щІэуэ халъхьащ, япэ сэхур тракІащ.

ИДЖЫПСТУ щІыхьэпІэм йолэжь, щІыбагъ дыхьэпІэмкІэ гипсым кьыхэщІыкІа пкъо дахэхэр ягъэуэ. Театрым кьегъэщІыпІа лъэс зекІуапІэри илъэс ныкъуэм нэблэгъауэ ягъэдахэ. УэфІу екІуэкІ махуэхэм я фІыгъэкІэ скверым иІа асфальт лъэс ІутІыжэхэр кьанэ щымыІэу трагъэкъэбзыкІри, пшахъуэрэ мывэ кІэщхъэрэ тракІутащ. Ахэр кьагъэувыхьыжащ бетон къэухь екІуэмкІэ. Адэкіэ лъагъуэхэр кьызэрыращІыкІыну плиткэхэр кьрашэлІауэ зэтелъщ.

КъызэрыгуэкІыу нобэм къэс щыта щІыпІэр кьыпхуэмыцІыхужьыным хуэдизу дахэу икІи зэпэщу гъатхэм техьэнчэ. Скверым и кум хуэзэу ита ут хъуреишхуэр ирахащ. Абы и пІэкІэ гипс къэухь дахэхэмкІэ къащІыхьа утыщІэ яухуэнум, и лъабжьэр ягъэтІылъащ, тетІысхьэпІэхэр здагъэувыну щыпІэхэри яубзыхащ. Лъэс зекІуапІэхэр жыгхэмрэ клумбэхэмкІэ зэпыудэрэ, Іэхуитлъэхуиту, сабийхэми, балигъхэми я зыгъэпсэхупІэу щытынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ

Жыггъэкіэр бэлэрыгъыркъым

Пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным зи зэфІэкІ езыхьэлІэхэм хабжэ Саковий Вячеслав Дзэлыкъуэ районым щиІыгъ Іуэхущ1апІэр

ЗЭМАНЫМ кьытхуихьа гугъуехьхэм емылъытауэ, хозяйствэм и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу кърехьэлІэ. Сытікіи зыхуей хуэза щІым мыІэрысейуэ мин 40-м нэс къыщокІ. Абыхэм я лъабжьэхэр гъэкъэбзарэ гъэщІэбзэжауэ, ухъуэнщІауэ гъэ техьащ. КьищынэмыщІауэ, СХПК-р зыхуеину техникэмкІэ тэмэму къызэгъэпащ.

Пхъэщхьэмыщхьэ къехьэлІэжьыгъэр зэрызэфІэкІыу жыгхэм и чэзум псы зэрыщІагъэлъэдэну насосхэр зыхуей хуагъэзэжащ. УнафэщІым къызэрыгъэщамкІэ, мы зэманым щІэх-щІэхыурэ къытрилъхьэ уэсыр жыгхэмкІэ сэбэпышхуэщ.

Зыхуеину псыІагъыр зыІэрыхьа мыІэрысейхэр щытыкІэ хъарзынэ яІэу гъатхэм зэрытехьэнум щэч хэлъкъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ

Лъэпкъым и фІыщІэ пэн къэзылэжьа щІэныгъэлІ

Егъэджакіуэ, гъэсакіуэ гъуэгуанэ Тау Хьэзешэ Талий и къуэр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу

Лъэужь нэху къэзыгъэна

• Фэеплъ

Тау Хьэзешэ Талий и къуэр жылагъуэм къыщацІыху щІэныгъэлІ щыпкъэу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэу, щалэгъуалэм я ущиякІуэ, унэтІакІуэ Іэзэу. Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым и адыгэбзэ кафедрэм и унафэщІу щыта Тау куэд щІакъым дунейм зэрехьэжьа. Псэужамэ, нобэ, щІышылэм и 26-м, ар илъэс 85-рэ ирикъунут. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм къигъэщІа дэтхэнэ зы маухуэрэ къызыхэкІа лъэпкъым, абы и анэдэлъхубзэр джыным тыхь хуищІащ.

«Студент гъатхэ» фестивалым къыщопсалъэ.
Налшык, 2012 гъэ

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым хыхь Къамылыкъуэ адыгэ къуажэм 1936 гъэм къыщалъхуащ Тау Хьэзешэ. Абы и адэ-анэ Талийрэ Куржанрэ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унаГъуэт яуХуар. Хьэзешэ сыкъэзэкІыжащІ хьурти, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ зэгъэгъуэтыным хуаущийуэ къагъэтэджащ адэ-анэм. Курыт школыр екъуалІэныгъэкІэ 1954 гъэм кІыуэа нэужь, щІэныгъэм зи нэхъуикІ щІалэщІэр тегушхуэри щІэтІысхьащ ди хэкум и еджапІэ нэхъ къэзыгъэхьэхэм я лъэхъэнэм хабжэу щыта Тбилиси къэрал университетым и филологие факультетым. Абы игу кІыхьэригъэкІыжымкІэ, филолог Іэщ1агъэр кІыхьиныжымкІэ чэнджэщагъуфІ кІыхьэхъуат школым щІэзыгъаджэхэри и Іыхьлы еджагъэшхэр Щэрдан Іэбуи.

ЩІхьэх зымыщІэ Хьэзешэ студент гъащІэр жыджэру ирихьэкІащ, университетым щекІуэкІ жылагъуэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ Іэзэхуэм я нэхъыбапІэм хэту. Абы и насып кІыкІат дуней псом щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІхэу, академикхэу Рогаев Георгий, Чикобаев Арнольд, Ломтатидзе Кетеван сымэ щыгъаджэж университетым и студентыну. 1958 гъэм Таум еджэнир зэфІигъэкІащ икІи диплом плъыжь къыхуагъэфэщащ щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным щызыІэригъэжьа ехьэлІэныгъэ лъагэхэм папщІэ. Абы и егъэджакІуэхэм гу лъамытэу къэнахьым адыгэ щІалэщІэм зэфІкІ ин зэрыкъуэтым икІи чэнджэщ ираташ а университет дыдэм и аспирантурэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуэну. Апхуэдэуи ищІащ Таум. Ар щІэтІысхьащ аспирантурэм икІи кавказабзэхэр кууэ зыджа Іэщ1агъэлІым адыгэбзэм и зэхэлъыкІэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд зэфихащ. Ахэр и лъабжьэт абы игъэхьэзыра и апэ щІэныгъэ лэжьыгъэшхэм. Ар екъуалІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи филологие щІэныгъэхэм я кандидат хуащ.

Щалъхуа щыпІэм кІыгъэзэжа нэужь, Таур Шордакъ къуажэм дэт курыт школым и унафэщІу лэжьащ 1966 гъэ пщІондэ. Иужькіэ ар ирагъэблагъэуэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым икІи илъэс 11-кІэ абы щыІащ щІэныгъэлІ нэхъыщхьэу. А лъэхъэнэм пыщІащ Хьэзешэ адыгэбзэ псалъалъэхэм екъэлІауэ ириГъэкІуэкІа и къэхутэныгъэщІэхэри.

- Зауалкіэ Іэпэдэгъэлэл сщІауэ щыта щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зэхэсхьэжьат абы щыГъуэ. Гаф Николай зи унафэщІ ди къудамэр елэжьырт къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ, псалъэгъэнахуэ-фразеологие псалъалъэхэр гъэхьэзырыным. А Іуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иІэт, сыту жыпІэмэ адыгэбзэр зыІуфыть, ирилажьэ псоми езы псалъэхэм зэмыщІ, абыхэм къарыкІ мыхьэнэри гурыІуэгъуэу, убзыхуауэ, щапхъэкІэ щІэгъэбыдэжауэ я пащхьэ илъхьэнэр кьалэнышхуэт. КьинэмыщІауэ, псалъалъэхэм ди лъэпкъыбзэр яхуэмэнут, адэкІэ зрагъэужьынут, - а зэманыр апхуэдэу игу къыгъэкІыжат

И унагъуэр и гъусэу.

• Гукъэкіыжхэр

Си гъащІэм и гъуэгугъэлъагъуэ пэж

Сабиигъуэр дэтхэнэ щІыхуми гукъинэ щыхъу лъэхъэнэщ. Ар зэрыщытыр Іуэхугъуэ куэдым епхащ, атІэ ми нэхъыщхьэр зэгурыІуэрэ зэдзэГуэкрэ, хабзэрэ нэмысрэ зэрыльэ унагъуэм ущыщынырщ. Сабиигъуэ насыпыфІэр – ар фІыщІэу укъэзылъагъу анэ гумащІэ ущиІэм и закъуэм дежкъым (дауи, ар фІыгъэшхуэщ) - абы и гъусэн хуейщ сыт щыгъуи щІэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу, гъуэгугъэлъагъуэ къыпхуэхъуфын ящІ щыпкъэ. Апхуэдэ адэхэм ящыщт ди папэ. Ар нобэ илъэс 85-рэ ирикъунут, диІэжамэ...

КУЭД мэхъу си адэ Тау Хьэзешэ Талий и къуэм епхауэ си гу лъащІэм щыхъуэ гукъэкІыжхэр. Абыхэм зэми сахьыж си сабиигъуэм, зэми нобэрей лъэхъэнэм сыхагъэплъэж... СощІэж, илъэсиплІ сыхъурт абы щыгъуэ, папэрэ сэрэ гуащэ хьэпшыт щащэ тыкуэныщхуэу «Сабий дуней» фІэщыгъэр зиІэу Налшык и уэрам нэхъыщхьэм тетам дыщІыхьат. Гуапэу си нэгум кІыплъэ си адэм къэжжиІэт: «Мы гуащэхэм узыхуей дыдэр къажэ, Мадинэ». Тыкуэнтес бзыльхъэхэм я «Зи насып, апхуэдэ адэ зиІэ!» псалъэхэр си тхьэкІумэм имыкІыуРэ, сэ сыгуфІэжу сахэплъэрт бостей дахэ бырыбхэр зыщыгъ къупщхэ гуащэ дахэхэм, нэхъ дахэ дыдэу къысщыхъур къасщтэри, сигурэ си щхьэрэ зэпетпу, сэ нэхърэ нэхъ насыпыфІэ щымыІэ къысщыхъуу папэ сыбгъэдэувжырт. Ар зырикІт. КъыкІэлъыкІуэу папэ бззэрым сишэрти, фІыуэ слъагъу шхыныгъуэ щІэщыгъуэкІэ къыскуищэкуРт. Абыкіэ зэфІэкІыртэкъым: паркым къыщыспэплъэрт хъыринэхэр, джэгукІэ хьэлэмэтхэр.

УвыпІэшхуэ си гъащІэм щиубыдащ си адэм. Аращ ящ класым ящ дыдэ сызышуаэ щытари. Ар абы щыгъуэ щылажьэрт Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым, сэри кьалэм дэт курыт школ №2-м сыкІуэрти, пщэдджыжькъэс дэ тІур зэгъуэсу дыщІэкІрт унэм икІи хьэлэмэт куэдым сыщІигъэдзІуурэ еджапІэм сынишэсырт. Гъэ еджэгъуэр къэдуха нэужь, зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм дызэджэн хуей тхьылъхэм я щІэхэр зэрыт тхьылъымпІэр папэ Іэщ1эслъхьэрти, абы езым кьысхуухьихьырт дэтхэнэхэр ящ я игъэщыпхъэми, нэгъэущІ гуэрхэри нэхъ хьэлэмэтыжу кьыщысхуащІигъуи щыІэу. Си тхьылъхэм сахэплъэурэ, зымахуэ кьэсслъагъужащ илъэс куэд ипэкІэ «Си Мадинэ цІыкІум тыгъэ хузощІ» псалъэхэр зытритхэу кьызэрысхуэупсауэ щыта КІэрашэ Тембот и кьалэмылэм кьэпыкІа кьыдэкІыгъуэ. Езым фІыуэ ильагъу псоми сэри апхуэдэу сыдригъэхьэхырт папэ – кино, тхьилъ, спорт, оперэ.

Дохутыр Іэщ1агъэр кьыщыхэсхам щыгъуэ, си цІыхугъэхэм ящыщ куэд кьыдзэупщІыРт абы сыхуеджэныр папэ кьысхуухмэ, зрагъэщІэну. Ди адэр апхуэдэ Іэхухэмкіэ зэи кьытхуэтКІиякъым, ар демократт нэгъуэщІ куэдкІи. «Сэ фІыуэ сльагъу Іэнат1эм сыпэрытщ, фэрэ фи гум кьищтэм фыхуедэж, фрилажьэ», - кьыджиІат абы зэшыпхъуишащ, куРыт школыр кьэдхэуу Іэщ1агъэ кьыхэтхьэн хуей щыхъум. Дэ тщІа хэхыныгъэхэми арэзы техьуэу, зыгуэркІэ гурыхь щымыхъуми, кьыТтримыкъуэзу, чэнджэщрэ щапхъэкІэ Іуэхум хэлъыр наІуэ кьытщищІыфу кьытщьхьэщытащ а нэхъыжьыфІыр быным. Зи кьытщІэмыкІие, кьытхэмыпхъашэ адэм и жагъуэ хьун лъэпкъ зэрыдмылэжьыным, абы и дуней еплъыкІэу тфІэдахэр, екІур дэри зэрызыхэтлъэным дапщэщи дыхуІэкъащ зэшыпхъэхэр.

Ди адэ-анэм яку дэлъ зэхущытыкІэри щапхъэфІт ди дежкІэ. СщІэжырхъым ахэр ткІиІуэ зэпсэлъауэ, зым и жагъуэ адрейм ищІауэ. Папэ мамэ апхуэдизу хуэгумащІэт икІи щыСхьырти, ди унагъуэр нэхъ гъунэгъуу зыцІыхухэм жаІэрт: «Сыту екъулІа апхуэдэ адэ-анэ зиІэ быныр».

Зыпэрыт лэжьыгъэмэ зэманышхуэрэ зэфІэкІрэ ирихьэлІэу лэжьащ ди адэр. И ныбжьыр илъэс 80-м нэсауэщ ар Іэнат1эм кьыщыпэрыкІар, апхуэдизу ар и гумрэ и псэмрэ кьыдыхьэу щытти. НыбжьэгъуфІ куэд иІащ, мащІэтэкъым иригъэджахэм кьахэсыжу щІэныгъэм и лъагъуэм тригъэуварэ. Ар лэжьыгъэ Іуэхукіэ щІэх-щІэхьурэ кІуэрт щыпІэ жыжьэхэм, нэгъэущІ кьалэхэм. Жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ зэгурыІуэныгъэхэм Іэ тридзэу, хущІыхьэгъуэ лъэпкъ имыІэу зэІуущІэхэм хэту, абыхэм кьыщыпсалъэу ирихьэкІырт абы апхуэдэ махуэхэр, атІэми кьэхъуакъым унагъуэм щІэсхэр дызэригъэгуфІэн тыгъэ гуэрхэр кьытхуимыхьу кьыщыкІуэжа. Дэ кьытригъэкІуэдзнэн зэман дэни кьырхрэт апхуэдизэ Іуэху зи пщэрылъ щІыхум?

Ди адэм и монографиемрэ рецензэ хуэзытхауэ щыта щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Багъ Пётр апхуэдэ дэфтэрхэр зэратх хабзэм текІри, «Тау Хьэзешэ хуэдэ цІыхухэр зэхъыбзэ щыІащэрэт» псалъэхэр абы хигъэхуауэ щытащ. ЗэхэщІыкІ куу зыбгъэдэлъа си адэр апхуэдэу къащьхьурт лэжьыгъэкІи нэгъуэщІ Іуэхукіи гъащІэм щыщырихьэлІэ куэдым.

Сэ сщІэжьыркъым зыгуэрым ньэлкІэ е теплъэкІэ срецыкІыну сыкуэвмэ, щапхъэ схуэхьу гуэри зэгуэр къэслъыхьауэ. Арщхьэкіэ иджы, си адэм и жьауэр щысщхьэщыкІа зэманым, хьэкъыу спхыкІауэ къызгуроІуэ: сэ дапщэщи сыхущІэкъащ си адэм ещхь сыхъуну. Пэжу, зэпІэззэрыту, ахьыпыфІэу, гущІэбэу, зэхэщІыкІ зиІэу - апхуэдэущ си адэр зэрыщытар. Апхуэдэущ си гум кьызэринар гущІэм ГъэгъуГуэлъагъуэ пэжу щызиІа си адэр...

ТАУ Мадинэ,
КъБКЪУ-м и доцент, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Хэлъхьэныгъэ мыкІуэдыжын

Тау Хьэзешэ сэ 1958 гъэ лъандэрэ си цІыхугъэу щытащ. Си цІыхугъэ жысІа щхьэкІэ, абыр сэрэ ди зэхуакум ныбжьэгъугъэшхуи дэлъащ, 1958 гъэм Тбилиси дэт къэрал университетым и филологие факультетым сыщыщІэтІысхьам адыгэ щІалэ гуп а зэманым абы щеджэжу щытащ. Абыхэм ящыщ Тау Хьэзешэ еплІанэ курсым щІэст. Дэ Мейкъуаупэ икІахэм - Бырсыр Батырбий, Гъыш Нухь, сэ - Хьэзешэ псынщІэ дыдэу ди цІыхугъэ хьэщ1 икІи абы и чэнджэщ куэдым и фІыгъэ къыдэкІащ.

АЗЭМАНЫМ бзэщІэныгъэм ехьэлІа тхьылъхэр гъэтигъуейуэ щытащ, ахэр зыІэрыдгъэхьэнымкІэ, хьадата унэ лэжьыгъэхэр тщІымыкІэ Хьэзешэ зыкъытщІигъакъуэрт. А илъэсхэм Тбилиси щыпхэжьа, дезыгъэджа, бзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэхэхэм яхэттэкъым Хьэзешэ хъыщІымытхъу, дзиэ, студент нэхъыщІэхэр, абы дыдэплъеину дыкъыхуарджэрт. Дызэрджэж программэм куржыбзэри (грузиньбзэри) дджын хуейуэ къигъэуэвырти, а хамэбзэм и хьэрф дамыгъэхэм я тхьыІэр хуабжьу къыттехьэлъэрт. Ар къэдгъэІуэрыщІэнымкІи Хьэзешэ къыддэІэпыкъуну щытащ, ауэ абы и хъэтІ дахэм ещхьу тхэф дэ зыри къытхэкІакъым. Псоми дгъэщІагъуэрт куржыбзэмкІи Хьэзешэ бгъэдэлъ апхуэдэ эчийр.

Лъжьэн щІэддза нэужьи, Адыгэ Республикэм щыщ бзэщІэныгъэлІхэм Хьэзешэ Іуэхугъуэ куэдмкІэ зыкъытщІигъэкъуащ. Ди щІэныгъэ лэжьыгъэхэм, дисертацэхэм отзыв, рецензэ яхуитхыу щытащ, бзэщІэныгъэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ конференцэм дыкъригъэблагъэрт щІэх-щІэхьурэ. Хьэзешэ КъБКЪУ-м филологиемкІэ и институтым и унафэщІу щылажьа илъэсхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ адыгеибзэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэным, ахэр езыгъэдж бзэщІэныгъэлІхэр зэгурыІуэу зэдзэлажьэным хэлъхьэныгъэшхуэ ящІащ. Лъэпкъ щалэгъуалэм хуэфащэ щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным сыт щыгъуи и нэІэ тригъэтащ а егъэджакІуэ Іэзэм. Тау и лекцэхэр купщІэшхуэ зыхэлът, студентхэми гукъинэ ящІыху дерсхэм ящыщт. Хьэзешэ бгъэдэлъа щІэныгъэ куум хуэкІуэпст и щытыкІэри и теплъэри. Ар сыт щыгъуи Іэдэбт, зэпІэзэрыт, зэкІужт.

Университетым лэжьыгъэкІэ епхахэм ящІэ абы Іэнат1э щепхъэкІыным гугуъехь щхьэхуэхэр зэрыпищІам: абы и лэжьакІуэхэм я Іуэхур лекцэ кьеджэ кьудейкІэ зэфІэкІыркъым, атІэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи ирагъэкІуэкІын хуей мэхъу. ЕгъэджакІуэм и лекцэхэр нэхъ куу, гъэщІэгъуэным щыхьэр, абы щІэныгъэ нэс щІалэгъуалэм щабгъэдилъхьэфыр а Іуэхугъуитfirи еш имыІэу зэхуигъэхъуфмэщ. Апхуэдэ лэжьэкІэт Тау Хьэзешэ иІэр сыт щыгъуи. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм кьыдэкІуэу абы дапщэщи иригъэкІуэкІащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ хэлъэмэтхэр. Абы щыхьэт тохьуэ абы гъэ кьэс жьхуиІэм хуэдэу и Іэдакъэ кьыщІэкІыу тІъэгъуэ щІэныгъэ, методикэ лэжьыгъэхэр. Иужьрейуэ дунейм кьытехьахэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр зыджэсм ямыІэнкІэ Іэмал зимыІэ и тхьылъыщІэр, адыгэбзэм и диалектхэм теухуар. Жьыр-Іэнурамэ, а къэхутакІуэ емызэшым и дэтхэнэ тхыгъэри лъэпкъ бзэ щІэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэ хуауад.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ хамэ къэралхэм я университетхэм, абыхэм кьикІа щІалэгъуалэм Хьэзешэ ядригъэкІыІуу щыта лэжьыгъэ куплІафІэмэ. И нэІэм щІэта апхуэдэ студентхэм ящыщ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьаХуигъуэтыфу, дэтхэнэми и Іуэху зыІутыми щыгъуазэу, сыткІи щІэгъэкъуэни чэнджэщгъэуи яхуэхъуу зыпэрыт кьулыкъу лъагэр ирихьэкІащ ди ныбжьэгъуфІым. ЗэхэщІыкІ куу зыбгъэдэлъа а хэкупсэм игури и псэри яхуэзІухат хамэ щІэныгъэм кьикІауэ ди деж щІэныгъэхьэ къэкІуэ щІалэгъуалэм.

Адыгэхэм зэрыжаІащи, гъащІэр матэщІдзакъым,ар екІуу епхьэкІынир, цІыху нэсу, пэжу дунейм утетынкІи тынщхьам. Ди нат1эм псори къратхэуэ жаІэми, дэтхэнэ зыми ди гъащІэм и екІуэкІыкІэр зэрыхъур дэ езым ди зэфІэкІми куэдкІэ ельытащ. Апхуэдэу кьигъэщІа илъэс купщІафІэхэм кьриубыдэу Тау Хьэзешэ Талий и къуэм дэтлъэгъуа цІыхугъэр, щІэныгъэ зэфІэкІ инхэр, зыІэрыгъэхьэфа ехьэлІэныгъэхэмрэ здынэса лъагаплІэхэмрэ езым и къарукІэ кьилэжьыжащ, Тхьэр и дэІэпыкъугъэу. Нобэ езыр кьытхэмытыжми, абы и фэеплъ нэхум аращ пщІэ лей щыхуэщІыпхъэри. КьыщІэна унагъуэри щІэблэри Тхьэм узынщэу иужь иригъэт куэдрэ.

АБРЭДЖ Ачердан,
Адыгэ къэрал университетым и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор.

ПщІэ лъагэ

• Ныбжьэгъум и псалъэ

ЦІыхум сыт хуэдиз илъэс бжыгъэ кьигъэщІами, абы нэхъ Іэфіу, гукъинэжу иІэр и щІалэгъуэращ. Дэтхэнэ зыми и гъащІэм гуапэу кьыхэнэ, кьытригъэззэжуэр и нэгу щІэкІыж а зэманыращ хэти лыпІэ щиувэр. Кьыхэтха Іэщ1агъэм и щэхуэхэр кьыщытщІэри, ди гъащІэ гъуэгур щылыдубзыхри, иужькІэ щІэдыдзэгъуэгурыкІуэну ныбжьэгъу пэжжэр щызэдгъэгъуэтри а къэхъэнэращ.

Хамэ къэралхэм кьикІа студентхэм я гъусэу.
Налшык, 2014 гъэ

Иорданием щохьэщІэ.
2000 гъэ

Зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэм.
Налшык паркым. 2019 гъэ

АБЫ ЛЪАНДЗРЭ зэманыфІ дэкІами, ди гъащІэ гъуэгур щыдубзыху илъэсхэращ Тау Хьэзешэ Талий и къуэм сэ ящэу нэІуасэ сыщыхуэхъуауэ щытар. Си сабиигъуэм кьыщыщІыдзауэ си нэ щхьэкІыжу і щыта Тифлис къалэм диссертацэ іужькІэ ящэу сыщыкІуэм, абы щеджэрт Абхъазым, Адыгейм, Къэбэрдейм икІауэ щалэ гъуэзэджэ гуп. Абы щыгъуэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъуам дэ псори дыхуэпэжу, ди гупсысэхэмкІи ІуэхуэхэмкІи дызэрыщІэу дыкъэзыгурыІуэ. Пэжыр жыпІэнымэ, а щІалэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и лъэпкъыбзэм и зыужьныныгъэм хьэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ. Къэралым, уеблэмэ дуней псом щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІ тельыджкэу Чикобаев, Ломтатидзе, Рогаев сымэ ирагъэжьа щІалэхэм лъэпкъ щІэныгъэр ящэкІэ зэгъэуэтэфащ. Абы щыхьэт техьауащ езы зэман дыдэри.

Ныбжьэгъу пэжу сиІа Тау Хьэзешэ и гугъу пщІымэ, КъБКЪУ-м зэрыщыІэжьа илъэсхэм абы зэфІэкІышхуэ зэрыбгъэдэлъыр наІуэ кьыщІащ. Лъэпкъ щІалэгъуалэм хуэфащэ щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным сыт щыгъуи и нэІэ тригъэтащ а егъэджакІуэ Іэзэм. Тау и лекцэхэр купщІэшхуэ зыхэлът, студентхэми гукъинэ ящыхьу дерсхэм ящыщт. Хьэзешэ бгъэдэлъа щІэныгъэ куум хуэкІуэпст и щытыкІэри и теплъэри. Ар сыт щыгъуи Іэдэбт, зэпІэзэрыт, зэкІужт.

Университетым лэжьыгъэкІэ епхахэм ящІэ абы Іэнат1э щепхъэкІыным гугуъехь щхьэхуэхэр зэрыпищІам: абы и лэжьакІуэхэм я Іуэхур лекцэ кьеджэ кьудейкІэ зэфІэкІыркъым, атІэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи ирагъэкІуэкІын хуей мэхъу. ЕгъэджакІуэм и лекцэхэр нэхъ куу, гъэщІэгъуэным щыхьэр, абы щІэныгъэ нэс щІалэгъуалэм щабгъэдилъхьэфыр а Іуэхугъуитfirи еш имыІэу зэхуигъэхъуфмэщ. Апхуэдэ лэжьэкІэт Тау Хьэзешэ иІэр сыт щыгъуи. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм кьыдэкІуэу абы дапщэщи иригъэкІуэкІащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ хэлъэмэтхэм. Абы щыхьэт тохьуэ абы гъэ кьэс жьхуиІэм хуэдэу и Іэдакъэ кьыщІэкІыу тІъэгъуэ щІэныгъэ, методикэ лэжьыгъэхэр. Иужьрейуэ дунейм кьытехьахэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр зыджэсм ямыІэнкІэ Іэмал зимыІэ и тхьылъыщІэр, адыгэбзэм и диалектхэм теухуар. Жьыр-Іэнурамэ, а къэхутакІуэ емызэшым и дэтхэнэ тхыгъэри лъэпкъ бзэ щІэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэ хуауад.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ хамэ къэралхэм я университетхэм, абыхэм кьикІа щІалэгъуалэм Хьэзешэ ядригъэкІыІуу щыта лэжьыгъэ куплІафІэмэ. И нэІэм щІэта апхуэдэ студентхэм ящыщ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьаХуигъуэтыфу, дэтхэнэми и Іуэху зыІутыми щыгъуазэу, сыткІи щІэгъэкъуэни чэнджэщгъэуи яхуэхъуу зыпэрыт кьулыкъу лъагэр ирихьэкІащ ди ныбжьэгъуфІым. ЗэхэщІыкІ куу зыбгъэдэлъа а хэкупсэм игури и псэри яхуэзІухат хамэ щІэныгъэм кьикІауэ ди деж щІэныгъэхьэ къэкІуэ щІалэгъуалэм.

Адыгэхэм зэрыжаІащи, гъащІэр матэщІдзакъым,ар екІуу епхьэкІынир, цІыху нэсу, пэжу дунейм утетынкІи тынщхьам. Ди нат1эм псори къратхэуэ жаІэми, дэтхэнэ зыми ди гъащІэм и екІуэкІыкІэр зэрыхъур дэ езым ди зэфІэкІми куэдкІэ ельытащ. Апхуэдэу кьигъэщІа илъэс купщІафІэхэм кьриубыдэу Тау Хьэзешэ Талий и къуэм дэтлъэгъуа цІыхугъэр, щІэныгъэ зэфІэкІ инхэр, зыІэрыгъэхьэфа ехьэлІэныгъэхэмрэ здынэса лъагаплІэхэмрэ езым и къарукІэ кьилэжьыжащ, Тхьэр и дэІэпыкъугъэу. Нобэ езыр кьытхэмытыжми, абы и фэеплъ нэхум аращ пщІэ лей щыхуэщІыпхъэри. КьыщІэна унагъуэри щІэблэри Тхьэм узынщэу иужь иригъэт куэдрэ.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик.

ЧЭРИМ Марианнэ

Лъы иримыкъу

Роман. ЕтIуанэ Iыхьэ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2020 гъэм и №№ 125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№2 - 4, 6-хэм итщ).

- Уэ плъэгъуатэкъэ ар, Щыхьым? - дохутырым деж къоIэпхъукIри, иджы сымаджэм зыхуегъазэ Бэч. - Ухуеймэ, псэууэ къыпхуздэсшэнщ пщэдей. Сытым хуэдэу адакъэ къабзэ ар, ицри зыIурыплъэфэну. Адакъэцрэ дзэлъэщI пIастэрэ жаIэу зэхэпхакъэ? Дахэзилэ и салоным щIэсшэу и сыджыр хуезгъэлэн? КIэригъэхуну схуелъэIу, Iейуэ къыпщышынэу жаIэ. Си гуэныхьым игъэкIуэнукъым а Iуэрейр, и лэпсыр дыдж хъуауэ плъагъунщ. Нэху щыуэ фи нэгу къыщIэвгъэхьэт! Жей IэфIым и курыкупсэм сыкъыхешри... Сыкъоуш дыди схужыIэнкъым абдеж, ауэ... сыкъызэщоу, нтIэ! Жейми укъимыдэжу, щхьэнтэ щабэри уигу пымыкIыу - дауэ абы узэреджэнур? Адыгэбзэмкlэ «плIыщ» сэ сиIар, сымыщIэкIэ емыкIукъым. Сытми, сыхьэнцэранцэу сызэрыхэлъыр къилъэгъуам ещхьу, и дамэхэр зэтрегъауэ си адакъэу пщIэми: «Iуlуу Iуууу!» Уэ пIэм хэзагъэ абы иужькIэ! Майкъалэ къызэрырашрэ мазищ фIэкIа хъуакъым, итIани адыгэбзэкIэ уэрсэрщ апхуэдэу, акцентыншэу маIуэ. БзитI зыщIэ адакъэ пIухуа игъащIэм, Щыхьым? НэгъуэщIыбзэкIэ тхылъ уеджэу уищIмэ, сыкъэпщIэнщ!

Щыхьым гъащIэм иригъэкIужрэ и псэукIэр зытета лъагъуэ гурыIуэгъуэм тришэжыфмэ, купщIэшхуи къыщылъыхъуэн хуейтэкъым Бэч и бзэгум къыпылъэлъ псалъэрыджэгум. Гъунэгъу адакъэм дэнэ къэна, гъуэлъыпIэ натIэм едза напэIэлъэщIым, хьэмэрэ, уеплъыхмэ, нэр зытехуэ лъэпыIухэм ятепсэлъыхь хъуми, абдежым щаIуатэ псоми къихыпхъэр зыт: «Щыхьым! Дэ фIыуэ удолъагъу! Умыпсэууэ пхуэддэнукъым, умыхъужауи дыпкIэрыкIынукъым!» Гууз-лыуз зиIэм ар «бжэр мэкIыргъ» зэрыжиIэми, жьыр къызэрепщэми, укъыфIэмыIуэху хуэдэу щхьэгъубжэмкIэ зэрыдэплъми къригъэкIыфынущ. Бэч а псом хуегъэджэжын хуэмейм къыщымынэу, сымаджэми узыншэми нэгъуэщIу убгъэдэт хъуну ищIэртэкъым.

Лъэрымыхьым и уз нэхъыщхьэр и щхьэ зэремызэгъыжракъэ?! Сытри и жагъуэ хъун хьэзырщи, зи напIэ къэIэтыкIэ къыжьэхэмыуэ цIыху дунейм тет-темытщ. ЩIэх уесэркъым махуэ къэс гуапэу къыпIуплъэ нэгухэм уэ нэхъыби нэхъыфIи зэрыпхуэмыфащэр зэрахуэмыбзыщIыжым. ФIы фIэкIа зигу имылъ хуэдэхэм я гущIэгъу ерум утемыIэзэщIыхьыжуи упсэуфрэ? УзыншагъэкIэ къыптекIуахэр къыпхуэарэзырэ гъащIэ зэхьэзэхуэм узэрыхагъэкIам уи жей имыгъэныкъуэу. ЦIыхуу укъыщIамылъытэн щхьэусыгъуэ гуэр яхуумыдзауи, я бгъэрыкIуэныр зэпыуркъым. Аращ езым зишэчыжыныр къызэхьэлъэкI сымаджэм и закъуэныр къыщIыхихыр. Уи щхьэ зыхуэумысыжыфыт уигу нэсу зыми фIыуэ зыкъызэрумыгъэлъагъуфамкIэ! Вакъэ зэгуэгъу къыIэрыхьэу къэджэда япэкъэсым ар зэрыпцIыр уи фIэщ ищIыну хуожьэ. ЗыкъэбгъэпцIэжыным урихулIэрэ пэт, а пэж къызыIэщIэкIхэм нэхъ гутехуэгъуеи бгъуэтын? Усэ дапщи хуаусащ закъуэныгъэм. Ауэ нэхъ усакIуэфI дыдэми сыту мащIэ хуищIэжыфыр зигу зыфIэкIуэду ипкъ махэр зэзышэкIыжа цIыху лIэужьыгъуэм!

«Хэт иджыргуэрым сызыхуэбдзыр, ди Тхьэ? Си ней зыщыхуахэм сеубзэурэ аргуэру зыкъэзбгъэлъыхъуэну ара? ЗысфIумыгъэпщкIу, сэ сощIэ узэрымыжыжьэр! Ди зэхуакум зыри дэмыту уигу сытезыгъэхуэн псэукIэт, нэгъуэщIым сыщумыгъэгугъыу сыкъозыгъэщтэн хьэлт, укъысхуэарэзыуэ сыббгъэдэзыгъэтын къыхэхыкIэт уигу схупымыкIар? Дауэ цIыхуфI сызэрыхъунур, цIыху Iейхэм сахуэбгъэпщылIу?! КъызгурыIуащ! ЛIэныгъэмрэ гъащIэмрэ я зэхуакум сыщыпIыгъынырщ нэхъ къапщтэр. Закъуэныгъэр а тIум я зэхуакум плъыр Iуримыхыу дэтщ, лъэныкъуитIми уащигъащтэу, абы къикIыр - Уэ сыпкIэрыкIыну Iэмал къызимыту. Дыбгъэдащ, дэнэ дыкIуэн? СокIуэт! Зызот! Аракъэ къыспумыхыфар иджыри къэс. СыпхуэжыIэщIэну сыхуежьэху, сыптегупсысыкIыну Iэмал къызэзымыт аркъэнхэр си пщэм къошыхьэкI.

Аращ уи жэуапыр! Уэ фIэкIа зыри сигу зэрытемыхуэжырщ уи жэуапыр! Уэрыншагъэм сызэрыщымыпсэуфырщ икIи сызэримылIыкIырщ уи жэуапыр!»

Хъарзынэу фIызэхэтхъуарэ пэт, мис ахэр щызежэрт Щыхьым зэрыхьэж и акъылым. Задэт ар дунейм къытезышэж лъагъуэ зэвыр. Лъэхъуэщым исыху, ихъуреягъкIэ щекIуэкIым апхуэдизкIэ псынщIэу зихъуэжырт, гукIуэдыпIэ защIэти, къыщыщIхэр унафэ укъуэдия гуэрым зэрыщIэтым гу лъитэну хунэсыртэкъым. Иджы и псэм къытемыхьэлъэ цIыхухэм зэрапэгъунэгъум, итIанэми зэрыкъаруушэм и акъыл къуэпсхэр гъэщIэ трагъэхьам ещхьу, зыхищIэмрэ къыгурыIуэмрэ зэрызэкIум и фIыгъэкIэ, и гупсысэми зэлъыIукIын щIидзэжат.

Бэч имылъагъуу щыттэкъым Щыхьым и гур зэрыхьэлъэр. Гулъытэ жан зиIэ щIалэм, абы хуэчэмыр Iэригъэхьэн папщIэ, зыхигъэзыхьыжыни зэрыщымыту зищIэни хуейтэкъым. Дохутырым емыгубзыгъэкIынри сымаджэм емыузыншэкIынри фIэтыншт. ГуфIакIэм щагъэхуэбжэ бзу пIыщIам едэхащIэ фIэкIа умыщIэну, щIалэм гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъу Щыхьым армырами зыщигъэнщIыртэкъым, модрейми абы и гумащIагъыр езэгъырт. Псы Iуфэм щапIа бабыщым ещхьу, адэ-анэ зэгурыIуэм я нэIэ IэфIым щIэту къыдэкIуэтея Бэч жьэнахуэIуэщ хужумыIэмэ, и теубгъуэн пхъашэм и щIэбзэр къазыцым ещхьу щабэт, псалъэ гуащIэкIэ ерыщ щхьэкIэ, хуумыгъэфэщэну гу хьэлэлт. Щыхьым и тепIэныр щыхузэригъэзахуэкIи, сымаджэр ягъэхъеин хуей хъууэ щеIусэкIи, зыгуэрхэр щIихми, къыщIихьэжми, езым и щхьэр пуду, е и пщэ дилъхьэжа къалэным фIэмыфI гуэр къыхэхуэу гурыщхъуэ щыIэхэтэкъым. И уэршэрыкIэрати - псэхэлъхьэжт.

- А уэ пщIитIыр (ди адэмрэ ди анэмрэщ жыхуэсIэр), дэищым я щхьэ зэредгъэужэгъуу, зэгъусэу зыщIыпIэ кIуэныгу зэрогъэхъу. Ику иту тхьэмахуэм зэ. Зым адрейр зэшу къыщохъури, дэ дыщыгъыныджэу, дымэжалIэу, дызыхэкIыж гуэр зэрапхъуэу я фIэщ зэрогъэхъужри, машинэкIэ дож, щхьэусыгъуэ ухуейкъэ-тIэ.

«Къуажэм дыдэсщ, зы адакъэ ди пщIантIэм щымыIуэу дауэ хъун?» - жиIэнщ тIум я зым, псалъэм папщIэ. Езым зи цIэ къриIуэм адрейр хуейуэ хуигъэфащэу аращ иджы. Гу зэщыхуапIэ къэфлъыхъуэмэ, кином фыкIуэ яжызоIэ, бэзэрым фытемыхьэу. Ди адэм дянэм джэд зэрихуэну ехъуапсэу, ауэ ар хужымыIэу къыфIощI, аращи, джэдыл игу къихьа хуэдэу зещI. «Уей, шыпс хужь сIухуэжыну къыщIэмыкIын сэ къысхуэнэжам», - зэхэпх къудейуэ, и щхьэ хуэпсэлъэжым ещхьу, ари щхьэхуимыту къыфIыдихуа нэхъей, къеутIыпщ. Ди анэм ар и фIэщ хъуну хьэзырыбзэщи, бэзэрым зэрынэсу, джэджьейхэм щаблэкIкIэ, бзэрабзэу къызэтоувыIэ, йопэщэщ, ди адэми хигъадэурэ къыхуещэху. Ар къыщыхъур гъатхэращ. Бжьыхьэм деж а къомыр зы дзэ зэрогъэхъури, сэ тхьэмыщкIэр, Геракл сыкъыкIэрымыхуу, щэбэт къэс, кIэлошышхуэ сыхъужауэ, джэдвейр лъакъуащхьэкIэ соутэри джэдыIуэм ситщ.

Урысыр адыгэ пхуэщIын? Нэхъ зыми пхуемыгъасэ псэущхьэ слъэгъуакъым а майкъалэ джэдхэм хуэдэу. ЩхьэзыфIэфI гуп. Е къыщIэкIыкIэкъым, е щIыхьэжыкIэкъым, е лъэуей тесыкIэкъым. Я гугъу умыщIу гъэкIацIэ, а зыращ зэрыфIыр. НэхъыщIитIым нэмыщIамэ, фIэзгъэжу зэрызгъэщтыжрэ куэд щIат ахэр. Телефоныр фэзгъэIыгъынщ яжызоIэри, зым джэдэщыр къызогъэтхъу, адрейм джэдвейр пэгуным ирегъэзагъэ, сэ ар хадэкIэм сохь. Я бзаджагъэр япэ итщ тIуми. ЗэрогъэIущ, зыр адрейм дежьууэ си пащхьэм къоувэри: «Пэгун къэс зы сыхьэт хуозэ!» - жаIэ.

Бэч псалъэухам и кIэм нэсыху, Беслъэн и дыхьэшх макъым зеIэт. «Щыгъэтыж, сызэгуэбгъэтхъынущ», - зэрыжиIэм хуэдэурэ, Щыхьым шынэр зэрыщхьэщыкIым кIэлъоплъ дохутыр щIалэр. Сымаджэм езыр мынэхъапэ хуэдэу къыщыбгъэхъуфмэ, псынщIэ дыдэу зэрыхъужынур ещIэ Беслъэн. Хущхъуэм я нэхъ лъапIэр ехьэлIи, гукъыдэж имыIэмэ, е къыщыгуфIыкI цIыху къыбгъэдэмытмэ, упыкIащ. Аращ Бэч и хъыбарым дигъэхуIами, щэныфIэу щIедаIуэр, зыхуэмыубыду зэрыдыхьэшхри сымаджэм къыдилъагъупхъэ нэкIуIупхъуэхэм язщ.

Щыхьым зэрылъэрымыхьри, Беслъэн зэрыдохутырри, езы Iуэтэжакlуэр зэрыщIэупщIакIуэри пщегъэгъупщэ нэгур гъащIэ узыншэм зыгъэIэпхъуэ уэршэр хуитым. Хэт джэд зезымыхуэри, джэдэщ къэзымытхъури, адэ-анэр зэрызэхуэгуапэм иримыгушхуэри?! Шыгъу зыхэмылъ IэфI зэрыщымыIэм ещхьу, зэзэмызэ укъыхагъэзыхьми, уедаIуэкIэ ущызымыгъэуэн нэхъыжь къыпщхьэщытыныр зэрытхъэгъуэрщ, IэпкълъэпкъкIэ гугъу ущехь къыпхуихуэми, напэ къабзэм къыуит къарум гъунэ зэримыIэрщ къыхэщыр, къэмыуэжын быдапIэм ещхьу, Щыхьым къэзыухъуреихь Бэч и гукъэкIыжхэм. Ирихьэжьауэ, и жьэм къихьыр къизыкIут псалъаблэу фэ зытригъауэ щхьэкIэ, къыжьэдэхуауэ зы псалъи хэткъым Бэч гъукIэ Iэзэм ещхьу зэпигъавэ унагъуэ теплъэгъуэхэм. Щыхьым и гукъыдэжыр къэIэтын зэрыхуеймрэ и гулъытэр ебгъэш зэрымыхъунумрэ зэпэшачэу зэриIыгъыным хущIокъу. Псалъэухахэр зэкIэлъигъэпIащIэу щыгушыIэкIэ, мыгупсысэххэу къыщыпфIэщIыпэ нэгъунэ, Бэч жиIэж хъыбархэм емыкIуи, ауани, зытепсэлъыхьхэр зыгъэнэхъыкIэ гуэри щызэхэпхынукъым. Аращ цIыхухэм я гур занщIэу къыщIыкIэрыпщIэр. ФэрыщIыфэ къытеуэнкIэ шынэ хуэдэ, пхъашэрыпсалъэщ, ауэ щыхъукIэ, игу Iей зэримылъри, уи жагъуэ ищIын мурад зэримыIэри и зигъэхъеикIэ къэс къыхощ. Абы нэхърэ нэхъ хущхъуэфI иджыпсту Щыхьым пхуехьэлIэнутэкъым, езыми хуэгъэткIунутэкъым. Арат сымаджэмрэ щIэупщIакIуэмрэ игъуэу зэрызэрихьэлIам щыгуфIыкI Беслъэни зыщIиIэжьэр.

- Паспорт яIэкъым жумыIэмэ, джэд къэс щэхуу цIэ яфIимыщу си фIэщ хъуркъым ди анэм, - еуэ-еуэу ирекъутэкI Бэч. - ЩIэкъакъэри, щIэнэщхъейри, щымэжалIэри, щызэшри ещIэ, я джэдыкIафэкIэ нэгъунэ зэхецIыхукI. Дэтхэнэм Iус фIэфIми, хэт хьэдзэ хъурей нэхъ къищтэми, псыр хуумыгъэхуабэу зымыдэнури, лъэуейр зыфIэлъа-хъшэIуэри дощIэ. Кхъыlэ, къыщIэдывгъаши, я гъусэу телевизор девгъэплъ яжызоIэри, ядэркъым. АпщIондэху къэхъур сыт? ЕлIэлIэху йосэри, фIигъэжыну фIэпсэкIуэд мэхъуж. Псэууэ хьэщIэхэм яритыну хуожьэ. Ахэри хэт къалэдэсщ, хэт игъэкъабзэ нэхърэ, имышхыххэмэ нэхъ къещтэ. Дэтхэнэм хьэзыру хуебгъэхьыну? Къытехуэрэ лIэмэ, игу хощI. ДжэдыкIэу зы щэ ныкъуэ хуэдиз кърех махуэ къэси, бгуэшынумэ, къеблагъэ. Адакъэр уэмызэгъынумэ, джэдыкIэм дытесынщ, Щыхьым, зэи дыухынукъым. Ди нэ кугъуиплIыр гъуэжьу дыдыхьэжынщ хьэблэм, дызэтIолъхуэныкъуэ я гугъэу. Сэ езым щхьэ жесIэ мыхъурэ ар?

Бэч телефоныр кърехри и анэм хуегъаджэ.

- Алло! Уей, дымыIей! Мес, мэгуфIэри хэлъщ, джэдибгъу я лыгъуэрымэ къысщIэуамэ, сыхъужынут, жи. Сэ сыгушыIэркъым, нысащIэ! Беслъэни унагъуэ джэд фIэкIа ишх мыхъуну жеIэ. Беслъэнкъым зышхынур, Щыхьымщ. Щауэр жыжьэ щыIэ? Хэт сызыщыукIытэнур, мыбдеж хамэ щыскъым. И, нысащIэ! Укъыщаша махуэр уигу къэгъэкIыжи, а къэзмышэ щIыкIэ си щхьэцыр зыгъэтхъуа гупым яз хуэгъавэ мы зыри къыздимыкIыжым къикIыжам. Гъэжьа хъунукъым, лэпсращ зыхуейр. Мис, езы Беслъэн изот, уи фIэщ мыхъумэ.

Беслъэн Бэч и телефоныр къыIех:

- Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ, Хьэсинэт! ХущхъуэкIэ догъашхэ зэкIэ, и кIэтIийхэм зыкъащIэжыху. ПщэдджыжьлэпстIэкIу едгъэIубынщи деплъынщ зэрыхуэгъэткIум. Хъунущ прунж тIэкIу хыупхъэми, мыкуэду. Лыр зэпкърыхуху гъави, абы щыщи цIыкIу-цIыкIуххэу хэлъхьэ тIэкIу, гъэныщкIун хуэмейуэ. Бэч нэщI ирeIыгъ пщэдейризэм, ягъэ кIынкъым. Абы лэпскIэ угуры- Iуэн? Хьэуэ, хьэуэ, дэ зыри дыхуейкъым, согушыIэ, мыбы псори щыIэщ. Лэпси щыIэщ, ауэ мы щIалэм дигъэпсэуркъым. Майкъалэ къэрашами, ди джэдхэм адыгэбзэ ящIэ, жи. Тхьэр арэзы къыпхухъу, изотыж Бэч.

Бэч телефоныр къещтэжри и анэм сэлам ирехыж:

- Хьэзыр хъумэ, къэпсалъи, сэ сыныкIуэцIрыжыжынщ. Хэт къэкIуэнур? Ди адэри? НэхъыфIыжщ. Марат къэсыжащ жыпIа? НтIэ, си плъырыгъуэр иухауэ бжы.

- Мы гъуэлъыпIэм уилъ хъунущ ныжэбэ, илъар щIатхыкIыжащ, - Беслъэн телефоныр тезылъхьэжа Бэч зыхуегъазэ.

- Дигъэжеин уи гугъэ мыбы! - Щыхьым псалъэмакъым къыхишэн и мураду, и макъым зрегъэIэт Бэч.

- Иджыпсту хилъафэмэ, нэху щыху къэушынукъым, уэри зыгъэпсэху. Марат къэсыжауэ ара? - нэхъ макъ ешэхакIэ щIоупщIэ Беслъэн.

- НтIэ!

Марат и гугъу зэращIыр Щыхьым къызэрыщыхъуам гу лъитащ дохутырым. Ар набдзэ тэрмэшкIэ Бэч хуеIуэхури, сымаджэм йоупщI:

- Марат къэсыжащ жи, Щыхьым! Бэч дутIыпщыжын?

- Хьэуэ! - япэу макъ узыншэ къегъэIу Щыхьым. ЗэрифIэщыр уолъагъу, гушыIэркъым, уеблэмэ, щтэIэщтаблэщ.

- Зыгуэр щимыдэкIэ, хъужащ! - Бэч Щыхьым зыхэлъ гъуэлъыпIэм хуокIуатэри, лъахъшэу хуотIысэх. - Уздэщыlам сыт щыхъыбар?

- БлынджабиплI, - Щыхьым и напIэхэр иджыри хьэлъэщ.

- БлынджабиплIракъым сэ зи гугъу сщIыр, хур хъыджэбзхэм дауэ уакъыIэщIэкIа?

Щыхьым Iупэ къудейкIэ, щIалитIым - унащхьэр трачу мэдыхьэшх.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд

• Зэпеуэхэр

ЗэвгъэцIыху, «Мисс Кабардино-Балкария-2020» тхьэIухуд зэпеуэм щытекIуа адыгэ пщащэ зэкIуж - Къалэбатэ Марианнэ.

Къалэбатэ Марианнэ

МАРИАННЭ Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэ щыщщ, КъБКъУ-м психологиемкIэ факультетым и етIуанэ курсым щоджэ, «Подиум Нальчик» агентствэм и модельщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, хъыджэбзым и теплъэ нэIурытым къищынэмыщIа, удэзыхьэхын зэфIэкI зэрикуэдыр. Ахэращ къэпщытакIуэ гупым хэтхэри зэпеуэм кIэлъыплъахэри зытхьэкъуар.

«Псом нэхърэ нэхъ гукъинэж хъуар творческэ зэфIэкIхэр щыдгъэлъагъуэн хуей Iыхьэрт. Дызэрызэпеуэр тщыгъупщэжауэ, зыр адрейм зэрызыщIэдгъэкъуэным яужь дитт, дыздэIэпыкъужырт. Хуабагъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIат а махуэхэр. ТхьэIухуд зэпеуэхэм теухуауэ псалъэмакъ куэд къезыхьэкI щыIэщ, ягъэулъиину яужь иту. Ахэр зэрыпцIыр си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Сыт хуэдэ Iуэхури зэлъытыжар абы хэт цIыхухэм я къабзагъымрэ цIыхугъэмрэщ. Пэжщ, зэпеуэ щыхъукIэ, зэныкъуэкъу гуэри щыIэн хуейщ. Дауи, уи фIагъыр бгъэлъэгъуэну утыку ущихьэкIэ, иужькIэ умыукIытэжын хуэдэу, пхузэфIэкIыр нэIурыт пщIыпхъэщ. Ауэ щыхъукIи, къызэрымыкIуэу хъыджэбзхэр дызэкъуэтт. Хуабжьу си гуапэ хъуащ абы къыздыхэт пщащэхэм ящыщхэм зыкъысхуагъэзэурэ сытекIуэну схуэфащэу къыщызжаIэм. ГъащIэр куэду зэхэлъщ, зэм утокIуэ, зэми къыптокIуэ, нэхъыщхьэр сыт хуэдэ Iуэхум дежи цIыхуу укъэнэжынырщ», - Къалэбатэ Марианнэ фIэгъэщIэгъуэну топсэлъыхьыж зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырам, ар зэрекIуэкIам, абы къыдыхэтахэм.

«Мисс Кабардино-Балкария-2020» зэпеуэм хыхьэну зэрытегушхуам, абы зэрыхуэкIуам я гугъу щищIкIэ, хъыджэбзым фIыщIэ хуещI и зэфIэкIхэр и фIэщ хъужу тегушхуэнымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуа и анэм.

«Утыку хуиту сызэритыфыр сэбэп къысхуэхъужащ. Ауэ сыт хуэдэ Iуэхуми хуэдэу, мыбдежи нэхъыщхьэр иумыгъэлеинырщ. Зэпеуэм къыщысхьа текIуэныгъэр си щхьэ закъуэ ехъулIэныгъэу къэслъытэнур емыкIуу къысщохъу, абыкIэ куэд сэбэп къысхуэхъуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт дэтхэнэ пщащэми ар зэрыхуэфащэр, сэ си насып къихьауэ аркъудейщ. ФIыщIэшхуэ яхуэсщIынут зэпеуэм сыхэтыху сытезыгъэгушхуа, а Iуэхур къыздэзыIыгъа дэтхэнэми».

Хъыджэбзым зеумысыж къызэрымыкIуэу сценэр фIыуэ зэрилъагъур, и къэкIуэнур абы ирипхыну зэримурадыр. Апхуэдэуи, дэрбзэр IэщIагъэр зригъэгъуэтыну щIохъуэпс. «Куэдым зеспщытыну си мурадщ, си насып зыхэлъыр къызэхъулIэнщ», - щыжеIэ абы и интервьюхэм я зым.

Къалэбатэр «Мисс Россия» зэпеуэм ирагъэблэгъащ, ауэ щхьэусыгъуэ пыухыкIахэм япкъ иткIэ, зэкIэ тегушхуэркъым.

Дохъуэхъу ди лъэпкъэгъу пщащэм, сыт хуэдэ Iуэху хыхьэми, къызыхэкIа лъэпкъыр, лIакъуэр щымыгъупщэу, ахэр зыгъэгушхуэну дунейм тетыну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Зэныкъуэкъуныгъэр къызэщIоплъэ

• Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм пашэхэр щытекIуэри, бжьыпэм зыщагъэбыдащ.

ТХЬЭМАХУЭ ипэкIэ «Тэрчым» къызэтригъэувыIа Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и губжьыр ятрикъутащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм, жэуапыншэу я гъуэм топиплI дигъэкIри.

Чемпионым зыкъыкIэрагъэхуркъым «Мурбек»-мрэ «Шэрэджымрэ». Абыхэми зи чэзу текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ. Псом хуэмыдэу телъыджэщ мы гъэм япэу гуп нэхъыщхьэм къыхыхьа Аруан щIыналъэм и футболистхэм я ехъулIэныгъэхэр. Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм и командэм иджы хигъэщIащ Налшык и «Спартак-Д»-р.

Сыт щыгъуи хуэдэу хуабжьу ерыщу зэпэщIэтащ турнир таблицэм щызэгъунэгъу «Ислъэмеймрэ» «ХьэтIохъущыкъуеймрэ». Зым и гъуэм адрейм топищ дигъэкIами, абыхэм нэхъ лъэщыр яхузэхэгъэкIакъым икIи щхьэж и увыпIэм зэкIэ къинэжащ.

Япэ текIуэныгъэр зэхьэзэхуэм къыщихьащ Налшык и «Ансар»-м. Абы и закъуэт ар зыхузэфIэкIауэ иджы къэсар. Арати, Зеикъуэ и «Шагъдийр» зэрыхигъэщIам и фIыгъэкIэ, занщIэу иужь дыдэ увыпIэм къикIащ. Абы къыщыхутащ «КъБКъУ»-м и командэр. Пэжщ, студентхэм иджыпстукIэ я Iыхьэгъущ «Кэнжэмрэ» «Маисэмрэ». Ахэр зэращхьэщыкIар дагъэкIа топхэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытым и закъуэщ.

Зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щанэр къызэранэкIа къудейщ. ДяпэкIэщ ар къыщызэщIэплъэнур икIи джэгухэм я нэхъыфIхэр щыщыIэнур.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къриклуа бжыгъэхэм: **«Бабугент»** (Бабугент) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **1:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **3:2**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Ансар»** (Налшык) - **1:3**, **«КъБКъУ»** (Налшык) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:4**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **2:1**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **3:3**, **«Маисэ»** (Налшык) - **«Малка»** (Малкэ) - **1:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым щызэIущIэнущ: *щэбэтым* - «Инал» - «Шагъдий», «Шэджэм-2» - «Малка», «Кэнжэ» - «КъБКъУ», «Автозапчасть» - «Спартак-Д», «Тэрч» - «Мурбек»; *тхьэмахуэм* - «Ансар» - «Маисэ», «Ислъэмей» - «Бабугент», «Шэрэдж» - «ХьэтIохъущыкъуей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2021 гъэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	**5**	**4**	**1**	**0**	**12-3**	**13**
2.	**«Мурбек»**	**5**	**4**	**0**	**1**	**8-4**	**12**
3.	**«Шэрэдж»**	**5**	**4**	**0**	**1**	**9-6**	**12**
4.	«Малка»	5	3	1	1	10-9	10
5.	«Тэрч»	5	2	2	1	9-5	8
6.	«Инал»	5	2	2	1	8-4	8
7.	«Ислъэмей»	5	2	1	2	7-8	7
8.	«ХьэтIохъущыкъуей»	5	2	1	2	7-10	7
9.	«Спартак-Д»	5	2	1	2	6-5	7
10.	«Бабугент»	5	1	3	1	12-10	6
11.	«Шагъдий»	5	1	2	2	9-8	5
12.	«Шэджэм-2»	5	1	1	3	7-9	4
13.	«Ансар»	5	1	1	3	10-15	4
14.	«Кэнжэ»	5	1	0	4	7-9	3
15.	**«Маисэ»**	**5**	**1**	**0**	**4**	**7-14**	**3**
16.	**«КъБКъУ»**	**5**	**1**	**0**	**4**	**8-17**	**3**

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **Казиханов Алий Магомед и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.877 ● Заказ №116